3. Bicarakan beberapa contoh tokoh Alkitab yang telah mewujudkan kewarganegaraan yang kreatif sesuai zamannya!
4. Bicarakan beberapa contoh tokoh Kristiani yang telah mewujudkan kewarganegaraan yang kreatif pada masanya!

(Penyusun: Pdt. Agus Hendratmo, M.Th)

REFERENSI

Brook, Wes Howard. 2014. *"Keluarlah, wahai umat-Ku!" Panggilan Allah dalam Alkitab agar keluar dari imperium*. Terj. Yosef Maria Florisan. Maumere: Penerbit Ledalero.

Volf, Miroslav. 1996. *Exclusion and embrace: A theological exploration of identity, otherness, and reconciliation*. Nashville, TN: Abingdon Press.

_____. 2011a. *Allah: A christian response*. New York, NY: HarperOne.

_____. 2011b. *A public faith: How followers of Christ should serve the common good*. Grand Rapids, MI: Brazos Press.

**TEMA: “GESANG SESARENGAN MINANGKA
BRAYATIPUN ALLAH.”**

**SUB TEMA: “*CREATIVE CITIZENSHIP (WARGA BANGSA
INGKANG NGULIR BUDI) MINANGKA DHEDHASAR GKJ
NGREMBAKAKAKEN GESANGING PASEDHEREKAN WINENGGU
WONTEN ING KE-INDONESIA-AN*”**

Negari kita Indonesia, saestu dados negari ingkang subur, satemah mboten lepat menawi grup musik *legendaris* Koes Plus nganggiti lelagon ingkang badhe nggambaraken kadospundi endahing negari kita Indonesia lan sesawanganing alam jembar ingkang kawengku dening negari kita, kadosdene wonten ing lagu “Kolam Susu”.

*“Bukan lautan hanya kolam susu,
kail dan jala cukup menghidupimu*

Inggih kados makaten wau pethikan cakepan lagu “Kolam Susu”. Ing sanjawining lagu wau inggih taksih wonten lelagon sanesipun ingkang nggambaraken kaendahaning negari kita, lan sakathahing lelagon sanesipun ingkang saged dipun anggit dening para pujangga, ingkang badhe ngundhangaken kaendahaning negari Indonesia.

*“Tanah airku Indonesia
Negeri elok amat kucinta,
tanah tumpah darahku yang mulia,
yang kupuja sepanjang masa
Isp...”*

Menawi kita raosaken, bilih kita piyambak boten badhe saged rampung anggen kita kepranan lan marem tumrap negari kita punika. Negari ingkang mengku maneka warni suku, basa, budaya, pakulitan lan agami. Negari

ingkang pinisah dening pulo, ananging ingkang saged manunggal wonten ing *Negara Kesatuan Republik Indonesia*. Negari ingkang babad sujarahipun inggih boten sepen saking kridhaning politik engga dinten punika. Wiwit saking ngalami jaman kamardikan engga dumugi ing wekdal kemajengan *teknologi informasi*, ingkang damel pisumbang nggampilaken manungsa kangge sesambetan lan ngudhuh pawartos saking negari manca. Lajeng punapa ingkang kedah kita tindakaken ing Wulan Kebangsaan punika?

Ing salebeting bangsa Indonesia lumpah ing sujarahipun dumugi dinten punika lan ing pundi pasamuwan Kristen ing Indonesia, kalebet Pasamuwan Kristen Jawi (GKJ) sesarengan tuwuh ngrembaka, wiwit saking Sinode ingkang sepisanan ing taun 1931, kala semanten dumadi saking 5 (gangsals) klasis, engga sapriki sampun 32 klasis. Sujarah pasamuwan inggih ngalami kemajengan lan ngrembaka. Awit saking punika, prelu kita ngaturaken panuwun karena pakaryanipun Gusti ingkang kapitayakaken dhateng kita pasamuwanipun.

Minangka warganing bangsa lan negari, kita umat pitados sanes umat ingkang gesang pinisah kaliyan sakiwa-tengen kita lan masyarakat Indonesia, ingkang kebak dening tantangan, ananging pasamuwan sangsaya ngrumaosi bilih pasamuwan kautus ing tengahing donya, bangsa Indonesia, ingkang tansah nindakaken timbalanipun ing negari Indoensia. Umat ingkang katimbangan supados dados sarem lan pepadhanging jagad, ingkang ngrumaosi bilih piyambakipun kedah suka wewernen ingkang wigati kangge tumut nggesangi bangsa punika. Sakathahing piwulang Kristen ingkang dipun darbeni tetepa dipun wulangaken supados andayani tumrap gesanging bangsa lan negari.

Endahing cakepan lelagon ingkang nyariosaken negari kita Indonesia lan masyarakatipun, tansaha nyurung kita mbudidaya njagi lumantar sawetawis bab ingkang saged dipun tindakaken, kados ta:

Lingkungan ingkang resik lan ijem.

Sampun samesthinipun kita remen menawi bumi pertiwi punika karimat kanthi premati, boten ketaman “pencemaran limbah” ingkang saged ngrisak alam pinangka papaning mahkluk ingkang gesang. Nanem tetaneman ingkang njalari hawa ingkang resik lan seger ingkang ndayani kasarasaning bale griya lan tangga sakiwa-tengen kita. Njagi lan ngrimati papan panggenan kita lan ugi ing papan panyambut damel kita. Ing sasaged-saged mboten ngginakaken plastik, njagi *tempat sampah* ingkang resik lan mboten ngganda. Ngirangi woh pangolahing pabrik lan *bahan kimia* ingkang saged ngrisak lan damel jembering lingkungan. Sesarengan njagi lan ngrimati lepen tuwin seganten, supados tetepa resik saking *pencemaran lingkungan* lan *sampah rumah tangga*.

Sesambetan kaliyan sesami.

Ing wekdal rumiyin bangsa Indonesia kondhang dados bangsa ingkang alus, santun lan grapyak sumanak. Nanging kedah dipun akeni bilih sesarengan kaliyan kemajenging jaman, kesantunan wau wiwit suda jalaran tiyang samidene nengenaken urusanipun piyambak-piyambak. Ing salebeting semangat dados warganing negari ingkang angulir budi, sampun samesthinipun ngengetaken kangge nggesangaken malih sesambetan kaliyan sesaming warga negari, remen aruh-aruh kanthi *sopan* lan grapyak. Para lare ing wekdal taksih alit dipun wulang ing babagan tata karma. Umat paring patuladhan ngrumiyinaken tiyang sanes sesaming tiyang ingkang ngginakaken margi lan boten rebatan. Saged ngemudheni dhiri ing margi. Mboten gampil *nglakson* kendaraan, sabab karena prakawis ing entheng punika asring tuwuh regejegan ing margi. Purun sesalaman kanthi ngulataken ingkang dipun ajak salaman. Gampil mesem mratelakaken sumanaking pasedherekan.

Integritas.

Ing sadaya kiprah ing tengahing masyarakat saged pinitadi karena anggenipun jujur lan setya. Kebak tanggel jawab lan ndarbeni sikep ingkang jatmika (integritas) tumrapping ayahan lan samudayanipun ingkang kapitadosaken dhateng umat supados dipun tindakaken. Sanadyan tiyang sanes boten nyumerepi, ananging tumindak ingkang sae, jujur lan setya kedah tetep katindakaken kanthi tanggel jawab. Boten nggresula lan maiben ing bab timbalan ingkang dipun tindakaken wau.

Ngaosi sesami.

Umat ingkang tansah ngaosi sesaminipun, punika sanes umat ingkang badhe madosi kekiranganing negari punika, utawi ing tengahing masyarakat kalebet ing tengahing pasamuwan. Kedaling lathi ingkang saged adamel asrep sesaminipun. Ilat ingkang kulina ngluhuraken Gusti kedah saged ngaosi sesaminipun warga bangsa punika. Saged nggulawenthah lare supados purun ngakeni kawon lan ngaosi kancanipun.

Awit saking punika, ing wulan Agustus ingkang dipun tengeri dados wulan *kebangsaan* punika, kita tindakaken punapa ingkang saged migunani tumrap kesadharan gesanging bangsa lan negari.

Bapelsin GKJ XXVII ngajak sadaya pasamuwan ing wewengkon Sinode GKJ, kanthi kaprigelan nindakaken dedamel ingkang saged nyegeraken malih semangat nggegesang menggahing bangsa lan negari.

Wondene manekawarni cara ingkang badhe dipun tindakan ing Wulan Kebangsaan punika, kasumanggakaken sawetahipun dhumateng sadaya pasamuwan kangge mujudaken.

Pungkasan, sugeng angraosaken gesang minangka bangsa di bumi pertiwi Indonesia.

Salatiga, 17 Juni 2019

Liturgi Minggu 9 Wulan Kebangsaan

JEJER: " ING NGENDI DUNUNGING BANDHAMU, ING
KONO DUNUNGING ATIMU "
MINGGU, 04 AGUSTUS 2019

PACAWISAN

- Para petugas samekta dhiri ing papan piniji.
- Pasamuwan rawuh lumebet ing pandonga pribadi
- Gegladhan kidung-kidung anyar.
- Pandonga ing Konsistori
- Bel kaungelaken, pasamuwan jumeneng.
- PL ngajak pasamuwan murwakani pangibadah minggu 1 wulan kebangsaan

PI Sumangga kita sami ngeningaken manah wonten ngarsanipun Gusti Allah, ingkang sampun maringaken sih rahmat, kalayan nyuwun sih piwelasiipun, supados kita sami pinanggih pantes, nindakaken pangabekti Wulan Kebangsaan dinten punika.

J Sawetahing jiwa raga kawula nyrantos Paduka, kadosdene pasiten ingkang garing ngorong ing toya, kados makaten pangorong kawula konjuk Paduka.

PL Mugi kawula kepareng nyawang Paduka wonten ing Pasucen Paduka,lan ugi pinarengaken nyumurupi panguwaos saha kamulyan Paduka.

J Amargi katresnan Paduka nglangkungi aosing gesang kawula, pramila kawula sami memuji konjuk ing ngarsa Paduka.

PL+J Makaten dhuh Allah kawula sami badhe tansah memuji, tetales Asma Paduka, ngulukaken tangan saha manah kawula.

(PL ngajak pasamuwan ngidung KPK BMGJ 7 : 1-3. Binarung ungeling
kidung , P 1 ingkang ngasta lilin, saha rombongan pemimpin
pangibadah mlebet wonten ing papan pangibadah)

PUJI KONJUK ALLAH

Puji konjuk Allah Rama puji konjuk Sang Putra
Puji konjuk Sang Roh Suci Juruslamet sejati.
Haleluya, haleluya, Juru Slamet sejati.

Pinuji ratuning swarga Gustine pra manungsa
Nggih ratuning pasamuwan Ratu sumbering gesang
Haleluya, haleluya, Ratu sumbering gesang.

Pinuji Allah Makwasa kang nitahken jagad rat
Wah milujengken manungsa krana gunging sih rahmat
Haleluya, haleluya krana gunging sih rahmat.

IBADAH

VOTUM

(Jumeneng)

P Pitulungan kita punika wonten ing Asmanipun Allah Sang Rama,
Sang Putra saha Sang Roh Suci.

J *Amin.*

SALAM

P 3 / 6 6 7 1 6 / 1 1 2 3
Salam rahayu, salam rahayu

J 3 / 6 . . 5 4 / 3
Salam salam

P 3 / 6 3 2 1 2 / 3 1 7 6
Tentrem rahayu ning Sang Kristus

J 3 / 6 . . 1 7 / 6
Tumrah mring kula.

PAMBUKA

(lenggah)

P Pasamuwan ingkang kinasih, dinten punika kita sami lumebet minggu kapisan Wulan Kebangsaan, nyarengi ugi kaliyan panampining sakramen Bujono Suci. Pramila saking punika, sumangga ngginakaken wekdal ingkang wonten, kangge ngraos-ngraosaken malih, adeg saha gesang sesarengan kita minangka bangsa, ingkang sesarengan lumampah wonten ing peziarahan, cundhuk kaliyan tugas minangka utusanipun Gusti, mujudaken bedhamen saha wetahing sedaya ingkang tinitahaken.

KIDUNG PAMUJI

“ SANTOSANING TETUNGGALAN ‘ KPJ 352 : 1-3

Santosaning tetunggalan saka katresnan
Den sabar ing atinira sareh ing wicara
Dipadha ladi lumadi tan ngegungken dhiri
Kabeh iku kang ingangkah tandha sih mring Allah.

Atut rukun angesuhi timbalan lestari
Yeku badan lan roh kita manunggal sajuga
Kadya pangesthi sawiji kang kita darbeni
Yeku sih rahmate Allah kang luber ing berkah.

Tunggal babtis, tunggal Gusti wah tunggal pracaya
Tunggal sedya miwah kapti yeku timbalannya
Kabeh pikantuk nugraha sih-rahmat kang adi
Gedhe cilik pinta-pinta samirmaning Gusti.

PANGAKENING DOSA.

a. Pamaosing Puisi

KERAWANG BEKASI
(Chairil Anwar)

Kami yang kini terbaring antara karawang-bekasi
Tidak bisa teriak “Merdeka” dan angkat senjata lagi
Tapi siapalah yang tidak lagi mendengar deru kami
Terbayang kami maju dan mendegap hati?

Kami bicara padamu dalam hening di malam sepi
Jika dada rasa hampa dan jam dinding yang berdetak
Kami mati muda, yang tinggal tulang diliputi debu
Kenang, kenanglah kami

Kami sudah coba apa yang kami bisa
Tapi kerja belum selesai, belum bisa
Memperhitungkan arti 4-5 ribu nyawa

Kami Cuma tulang-tulang berserakan
Tapi adalah kepunyaanmu
Kaulah yang tentukan nilai tulang-tulang berserakan

Atau jiwa kami melayang untuk
Kemerdekaan, kemenangan dan harapan
Atau tidak untuk apa-apa
Kami tidak tahu, kami tidak lagi bisa berkata
Kaulah sekarang yang berkata

Kami bicarapadamu dalam hening di malam sepi
Jika ada rasa hampa dan jam dinding yang berdetak

Kenang, kenanglah kami
Teruskan, teruskan jiwa kami
Menjaga Bung Karno
Menjaga Bung Hatta
Menjaga Bung Syahrir

Kami sekarang mayat
Berikan kami arti
Berjagalah terus di garis batas
Pernyataan dan impian

Kenang, kenanglah kami
Yang tinggal tulang-tulang diliputi debu
Beribu kami terbaring antara
Kerawang-Bekasi

b. Mulad sarira.

PL Karawang-Bekasi mujudaken puisinipun Chairil Anwar, ingkang sampun asring kita pireng sesarengan. Puisi kasebat mratelakaken perjuanganipun para Pahlawan, ingkang sampun sami seda lan sami sumare wonten ing palereman pungkasan antawisipun kitha Karawang – Bekasi. Ugi mujudaken pangajeng-ajeng murih para generasi candhakistanipun, saged ngemut-emut saha nglajengaken perjuanganipun para pahlawan, ingkang wantun seda mbelani adeding negari Indonesia.

Pitakenanipun: Punapa pangajeng-ajengipun para pahlawan kasebat sampun saged kita wujudaken wonten ing tata gesang padintenan kita ?

(PL ngaturi wewengan pasamuwan kangge pandonga pribadi, salajengipun katutup kanthi pandonga pangakening dosa).

c. Kidung pangakening dosa.

GUSTI MUGI MELASI “ KPJ 50. (KAPUJEKAKEN 3 x)

Gusti mugl melasl!

Gusti mugl melasl!

Mugi mlasl kula!

PAWARTOS SIH RAHMAT

(Jumeneng)

P Kowé padha ngéstokaké dhawuh-Ku, kowé bakal tansah binerkahan, kaya ilining kali sing ora tau asat! Kowé bakal tansah kaparingan kemenangan, kaya ombaké segara ol`ehé ora l`er`en-l`er`en ngerobi gisik. (**Yesaya 48 : 18**). Makaten pawartos sih rahmat saking Gusti Allah.

J *Puji sokur konjuk Allah.*

(kalajengaken sami jawat asta kanthi atur : “ Sihrahmatipun Gusti tumraha “)

KIDUNG PAMUJI

“KASETYANING ALLAH DATAN GINGSIR “ (KPJ 118 :1-3)

Kakung: 1. Kasetyaning Allah datan gingsir.
Sakingkang tinimbalan, den pilihl.
Samukawis tan sah pinirsanan.
Prasetyanya tamtu den leksanani.
Dalasan saka thahing pakaryan
sinembadan.

Putri: 2. Sabda lan kwasané Allah nyata.
Sabén jaman winengku ing pangrèhnya.
Astanya kukuh miwah santosa,
ngasta pangadilan ing salamanya.
Landheping sabdanya nyirnakaken kadurakan.

Sedaya: 3. Sang Roh Suci kang kagungan karsa
mbikak kekeraning kawilujengan.
Pasamuwan binereg manahnya,
tansah tinuntun marang kasampurnan,
nggih dadya warga kratoning Allah salamanya.

PELADOSAN SABDA

(Lenggah)

- a. Pandonga pacawisan nampeni Sabda.
- b. Maos Kitab Suci 1.
L (Maos: **Kohelet 1:2, 12-14; 2: 18-23**).
Makaten sabdanipun Allah.
J Puji sokur konjuk Allah.
- c. Mazmur tanggapan.
L (Maos : **Jabur 49 : 1-13**)
- d. Maos Kitab Suci 2.
L (maos **Kolose 3:1-11**)
Makaten sabdanipun Allah.
J Puji sokur konjuk Allah.
- e. Pamaosing Injil.
P (maos : **Lukas 12: 13-21**)
Inggang rahayu inggih punika sedaya tiyang ingkang
mirengaken sabdanipun Gusti, saha telatos nindakaken.
Halelluya.
J (Ngidungaken : halleluya- Amin 3 X)
- f. Khotbah.
- g. Mangsa tidhem.
- h. Pisungsung pepujian.

PANGAKENING IMAN RASULI

PELADOSAN SAKRAMEN BUJONO SUCI.

PACAWISAN.

“ TIMBALAN NDHEREK ING BUJANA “ (KPK BMGJ 201 : 1)

Gusti nimbali kula samya ndherek ing sakramen bujana
Nggih tetunggilan klayan Gusti sarta nyawiji lan sesami
Sih sinihan binabar nyata silih leladi den tindakna,
Nging kula asring tan lampah tresna adhuh Gusti nyuwun pangaksama.

P Wekdal sapunika kita sami sesarengan nampeni sakramen Bujana
Suci, karana Gusti Yesus Kristus pribadi ingkang netepaken saha
nimbali kita murih katindakna.

Supados bujana suci punika saestu saged dados berkah kangge
kita, sampun samesthinipun kita sami nliti priksa dhiri pribadi,
wonten ing ngarsanipun Gusti, punapa kita sampun gesang
bedhamen kaliyan Allah ? Ma katen ugi kita sampun olah
bedhamen kaliyan sesami ? kaliyan semah saha sisihan, tiyang
sepuh, para putra, sanak sedherek, para kanca saha tanggi
tepalih, lan ugi kaliyan sinten kemawon ingkang kita panggihi ing
gesang punika ?

Wonten ing karingkahan kita, kita pitadosi bilih Allah nucekaken
kita saking sekathahing dedosan, nganyaraken gesang kita,
nyagedaken kita saged suka paseksi bab Sang Kristus lumantar
tata gesang kita, saha ndadosaken kita pinanggih prayogi, kangge
nampeni pambujanan wanci punika.

NGENERAKEN MANAH.

P Sumangga kita sami ngeneraken manah konjuk Allah

J Kawula sami ngeneraken manah konjuk Allah

P Sumangga kita sami ngucap sokur konjuk Gusti Allah ‘
J *Saestu prayogi sami ngucap sokur konjuk Allah.*

KIDUNG PAMUJI SOKUR.

KPJ 310 : 1 “NYAWAKU, SIRA NYAOSNA PUJI”

Nyawaku, sira nyaosna puji
mring Pangeran Allah Kang Maha suci.
Sabatinku ngluhurna asmane.
Dhuh nyawaku, Yehuwah kamulyakna!
Aja lali mring gunging kadarmannya.
Eling ana sawiji wijine.

TETEPAN BUJANA SUCI.

P Kita sami ngaturaken pamuji sokur, amargi Sang Rama saestu tansah nyarengi lampahing gesang kita, saha Sang Kristus nimbali kita kangge nampeni Bujana Suci. Kita sami yakin bilih Sang Roh Suci sampun kaparingaken dhumateng kita, satemah kanthi pracaya kita sami saged ngraosaken rawuhipun Sang Kristus ing gesang punika. Sang Kristus nalika dalu dungkap sinrahken, mundhut roti, lajeng ngucap sokur. Panjenenganipun lajeng mecah-mecah roti lan ngandika :” *Iki badan-Ku kang kaparingake marga saka kowe. Iki tindakna minangka pangeling-eling marang Aku.*” Sang Kristus lajeng mundhut tuwung sasampunipun dhahar, lan ngandika :” *Tuwung iki prajanjian kang anyar kang srana getihKu, kang kawutahake marga saka kowe. Iki tindakna saben-saben ngombe ing tuwung iki, minangka pangeling-eling marang Aku.*”

J *Seda Paduka dhuh Gusti Yesus, kawula wartosaken,
Wungu Paduka kawula luhuraken,
Rawuh Paduka kawula antos-antos.*

PENGETAN ATAS SANG KRISTUS.

P Ing dinten punika, kita tetunggilan ngriyakaken katresnanipun Allah ingkang milujengaken jagad: miyos lan sugengipun Sang Putra wonten ing antawisipun para manungsa, pembabtisanipun, bujana suci pungkasan kaliyan para murid, sedanipun, wungu saha sumengkanipun dhateng swarga, ngagem kamulyan, lan ugi Panjenenganipun ndedonga kangge jagad. Kita sami nyrantos rawuhipun Sang Kristus wonten ing pungkasaning jaman, njangkepi prasetyanipun kangge sedaya titah.

J Pinujia Allah.

P Nalika kita sami ndherek ing pambujanan, Roh Suci mitulungi kita, satemah kita katunggilaken kaliyan Sang Kristus, dados setunggal badan, setunggal Roh, dados pisungsung ingkang gesang konjuk Allah.

J Pinujia Sang Roh Suci.

P Lumantar Sang Kristus, kaliyan Sang Kristus lan wonten ing Sang Kristus, sedaya pakurmatan lan kamulyan kagama Allah Sang Rama, wonten ing patunggilaning Sang Roh Suci, sapunika dumugi ing selami-laminipun.

J Pinujia Sang Rama, Sang Putra, tuwin Sang Rog Suci.

PANDONGA RAMA KAWULA, MAWI KPJ 151 :1

KPJ 151 RAMA KAWULA KANG WONTENSWARGA

Rama kawula kang wonten swarga, ingkang asma kasucekna, kraton Paduka rawuha, mugu karsa Paduka klampah ing bumi kados wonten a ing swarga.

Rama, Rama kawula kang wonten swarga, kula sinunga rejeki ing dinten punika.

Rama mugu angapunten dosa kawula, kados kawula ugi ngapunten tyang kang lepat dhateng kawula.

Rama kawula kang wonten swarga, uwala kawula king panggodha, katebihaken kawula saking piawon. Amin, Amin, Amin.

SALAM RAHAYU.

P Gusti sampun ngapunteni saha nunggilaken kita, pramila sumangga kita sami saged gesang kanthi bedhamen lan samidene suka pangapunten. Tentrem rahayunipun Gusti tumraha ing panjenengan.

J Wontena ing panjenengan ugi.

(kalajengaken samidene jawat asta kanthi atur : salam rahayu).

MECAH-MECAH ROTI.

P Roti ingkang cinuwil-cuwil punika mralambangaken patunggilan kita kaliyan sariranipun Gusti Yesus Kristus, ingkang sampun sinrahken kangge kawilujenganing jagad.

NGISI ANGGUR ING TUWUNG BUJANA.

P Tuwunging pamuji sokur punika, mralambangaken patunggilan kita kaliyan rahipun Sang Kristus. Sumangga sami dipun unjuk.

(sasampunipun tuwung anggur dipun aturaken para warga)

Kula aturi sami ngunjuk saha ngemuti dalah pitados, bilih rahipun Sang Kristus ingkang sampun kawutahaken , kangge kawilujenganing jagad.

PANDONGA SOKUR.

P Klayan tentrem rahayu sumangga kita sami ndedonga konjuk Gusti :

Kawula sesarengan ngaturaken pamuji sokur konjuk Allah, kangge endahing bumi saha seganten, kangge kas kayaning

gunung-gunung , ngare saha lepen, ocehing peksi mawurahan, saha endahing sesekaran.

J kawula sami memuji Paduka karana berkah ingkang endah punika, lan dedonga mug i kawula saged nggulawenthah kangge karaharjan kawula sami.

P Mug i Paduka sagedaken kawula nggegesang sedaya punika, tinangsulan raos sokur bilih punapa ingkang Paduka titahaken punika prayogi sae saha sampurna.

J Kawula sami ngucap sokur karana Paduka Gusti, ingkang sampun nunggilaken sarana babtisanipun Sang Kristus dados setunggal badan, saha maringi kawula kaliyan suka bingah wonten ing Bujana Suci puniki.

P Paduka pimpin kawula tumuju Pasamuwan ingkang Nyawiji, saha Paduka biyantoni sami saged suka pakurmatan tumrap tandha-tandha bedhamen, ingkang sampun Paduka paringaken, amargi kawula sapunika sampun ngraosaken pambujanan ingkang kacawisaken kangge gesang dumugi delahan.

J Tetales Asma Yesus Kristus, Sang Putra, Gusti kawula, ingkang gesang saha mranata peprentahan sesarengan kaliyan Sang Rama, wonten patunggilanipun Sang Roh Suci, Amin.

PISUNGSUNG PEPUJIAN.

PANDONGA SYAFAAT & RAMA KAWULA.

PISUNGSUNG.

(dipun pimpin dening : P2)

- a. Tetales pisungsung : (**Jabur 50 : 23**).
- b. Pamupuning pisungsung.

KPJ 181: 1-3 “ PUJI SOKUR KONJUK GUSTI”

Putri Puji sokur konjuk Gusti, wit sihrahmat Paduka;
datan kendhat angasihi. cihnaning kawlasanta.
Sokur paring ingpakaryan, nadyan badamba ringkih;
sokur dene kadang mitra tansah anandukken sih.

Kakung Sokur, dene sesekaran, sedhep, endah ing warni
sokur mega ngantariksa, miwah surya ndadari.
Sokur krana bingah-sisah, Gusti tansah rumeksa;
awit Paduka kang tansah nuntun lampah kawula.

Sedaya Sokur, wit brayat kawula rukun samnya sinihan;
sokur dene pasamuwan nuwuhken katentreman.
Sokur, krana wancinira bingah utawi sisah;
sokur di gesang kawula neng pamengkuning Allah.

c. Pandonga pisungsung.

KIDUNG UTUSAN.

(Jumeneng)

KPJ 390 : 1-2 “GUNAKNA WEKTUMU PARINGE GUSTI”

Gunakna wektumu paringe Gusti,
wit uripmu cekak pindha kembang.
Endi barang langgeng ing donya iki,
amung katresnan ywa nganti ilang.

*Reff. Barang kang ana, isining donya;
 saguning kang endah bakal musna.
 Mung katresnan mu demi Sang Pamarta,
 gedhe ajine tan bakal sirna.*

Aja tan migunak ake wektumu,
lipur lan tulungen kang kesasar.
Mulyakna Gusti ana ing uripmu,
dimen lampumu tansah sumunar

Reff.

BERKAH

P Nampenana berkahipun Gusti.

Pangeran Yehuwah maringi berkah dhateng panjenengan lan ngayomi panjenengan; Pangeran Yehuwah nyunarken cahyaning wadananipun dhateng panjenengan lan maringi sih-rahmat; Pangeran Yehuwah nungkulaken wadananipun dhateng panjenengan lan maringi tentrem rahayu. Amin.

J Haleluya 5 x, amin.

KIDUNG PUNGKASANING PANGIBADAH.

KPJ 390: 3 “ GUNAKNA WEKTUMU PARINGE GUSTI”

Pakaryanmu kang demi Yesus Kristus
bakal tinampi klayan karenan.

Katresnan kang kababar kanthi tulus,
ingundhuh mbesuk aneng kaswargan

oo00oo

Liturgi Minggu 99 Wulan Kebangsaan

JEJER: "NEDAHAKEN IMAN KANTHI PAMBANGUN TURUT"

MINGGU, 11 AGUSTUS 2019

PACAWISAN

- Para petugas samekta dhiri ing papan piniji.
- Pasamuwan rawuh lumebet ing pandonga pribadi
- Gegladhen kidung-kidung anyar.
- Pandonga ing Konsistori
- Bel kaungelaken, pasamuwan jumeneng.
- SL ngajak pasamuwan ngidung saking KPK BMGJ 16 : 1-2. Binarung ungeling kidung rombongan pemimpin pangibadah mlebet, ngajeng piyambak petugas ngasta lilin (P 1).

" PUJI MRING ALLAH KANG MAHA WISESA".

Puji mring Allah Pangeran kang Mahawisesa
Muji rama binarung lan sawernining gangsa
Pangidungnya klayan bingahing manah
nggunggung Gusti ning pra titah.

Puji mring Allah kang sestu adil pangrehira
Ngreksa lan ngrimati srana lubering berkahnya
Nging saklangkung gung sihnya mring tyang dosa
Tinebus temah waluya.

IBADAH

VOTUM & SALAM

(Jumeneng)

P Pitulungan kita punika wonten ing asmanipun Allah ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.

J Amin

P Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita lan saking Gusti Yesus Kristus, wontena ing panjenengan sadaya.

J Wontena ing panjenengan ugi.

NATS PANUNTUN.

Padha gawéa raharjané kutha-kutha sing kok enggoni ing pembuwangan iki. Kutha-kutha mau dongakna, suwunna berkah supaya kaparingan katentreman lan karaharjan. (Yer.29:7).

KIDUNG PAMUJI

KPJ 358 GUSTI BADHE KULA PUJI

- 1 Gusti badhe kula puji ingkang kanthi eklas ing manah, wonten ngaheng ing pra ageng ngungelaken pujining Allah. Kawula badhe asujud, ngucap sokur dhumateng Gusti; dene kadarman Paduka lan kasetyan tan ewah gingsir
- 2 Para rajanipun bumi badhe muji asma Paduka sasampuning sami nampi pangandika lesaning Gusti Sami memuji lan matur sagung sokur dhumateng Allah; sami ngidungken pangrehnya, wit tetela kaluhurannya.
- 3 Allah mesthi ngrampungaken samukawis tumrap kawula. Kawula kapitulungan ing astanya Ingkang Kawasa. Dhuh Gusti, berkah Paduka ing kawlasan, langgeng slamanya. Gusti mboten badhe nilar mring pakaryan slami - laminya.

PANGAKENING DOSA

(dipun Pimpin : P2)

- a. **Litani pangakening dosa.**

- P2 Sawetahing gesang kita, lumampah wonten ing pepanggihan lan tetunggilan kaliyan asanes. Sampun dados timbalan kita , kangge gesang sesarengan kaliyan tiyang sanes. Ananging, wonten ing kasunyataning gesang padintenan, kita asring mboten maelu dhumateng gesang sesarengan punika.
- J Gusti ingkang Maha asih, kawula ngakeni gagal mboten saged ngopeni pepanggihan saha tetunggilan klayan sesami. Kawula kirang saged misungsungaken dhiri kangge gesang sesarengan. Kawula milaur gesang kangge dhiri pribadi.*
- P2 Wonten ing peladosan, kawula langkung nengenaken karsa pribadi, satemah asring ndadosaken pepalang lampahing gesang sesarengan tumuju gesang nyatunggil. Minangka pribadi saha lembaga, kawula gagal nuwuhaken olah patunggilan ingkang rukun kaliyan titah sanesipun, wonten ing sedaya peranganing gesang.
- J Paduka sampun nimbali kawula saking sisih Lèr, sisih Kidul, sisih Wetan lan Kilèn, supados dados setunggal tinangsulan sih Paduka. Mentingaken diri pribadi, gumunggung ing bab karohanen, sampun ndamel kawula dados buyar, lajeng gagal nindakaken ayahan kangge pambangun, peladosan saha olah paseksi.*
- P2+J Kawula sami berjuang atas nami patunggilan, ing sisih sanes kawula mboten saged nampi asanes. Dhuh Gusti kawula sampun lepat wonten ngarsa Paduka, mugl Paduka welasi.

b. Kidung panalangsa.

KPJ 54 KULA SAESTU NGLLEGGANA

- Kakung* 1. Kula saestu nglengana
anyisahaken sesami.
Mila getun manah kula,
nalangsaing ngarsaning Gusti

- Putri* 2. Ilat kula nyenyidrani,
gurung kadya kubur menga
lambé kebak wisa mandi,
ngrerantam saliring piala.
- Sedaya* 3. Kula nyuwun katentreman,
cinelakna mring kraharjan,
nebih saking karisakan,
wit Gusti paring panganyoman.

PAWARTOS SIH RAHMAT

(Jumeneng)

P Tampenana pawartos Sih Rahmat : “Nanging menawa kita padha ngakoni dosa-dosa kita marang Gusti Allah, Panjenengané bakal netepi janjiné lan tumindak adil, temah bakal ngapura sakèhing dosa kita, sarta ngresiki sakèhing piala kita (**1 Yoh. 1 : 9**)
Makaten sabda sih rahmat saking Allah.

J *Puji sokur konjuk Allah.*

KIDUNG PAMUJI SOKUR.

KPJ 128 NITENANA SIHE GUSTI

- 1 Nitenana sihe Gusti kang mbayu mili
Ywa manut bujuk ing Iblis, woh e mung pati
*Reff. Dipanggah kanthi sumarah kang trusing manah,
kasorna panggodha srana tegen ndedonga.*
- 4 Iblis nggèndèng nilar Allah, nging tanpa guna,
wit wus mantep ing pracaya, gesang raharja.

PELADOSAN SABDA

(Lenggah)

- a. Pandonga pacawisan nampi sabda.

- b. Maos Kitab Suci 1.
 L (maos : **Purwaning Dumadi 15 : 1-6**).
 Makaten sabdanipun Allah.
 J *Puji sokur konjuk Allah.*
- c. Mazmur tanggapan.
 L Sumangga kita tumanggap saking waosan ingkang kapisan kalawau, kanthi maos Jabur **33:12-22** , kanthi cara litani.
- d. Maos Kitab Suci 2.
 L Waosan kaping kalih kapendhet saking serat **Ibrani 11:1-3, 8-16.**
 Makaten sabdanipun Allah.
 J *Puji sokur konjuk Allah.*
- e. Pamaosing Injil.
 P Waosan Injil ing dinten punika kapetik saking **Lukas 12:32-40.**
 Makaten Injil Yesus Kristus . Inggang rahayu inggih punika sedaya tiyang ingkang purun mirengaken sabdanipun Allah, mapanaken wonten ing telenging manah saha nindakaken. Haleluya.
 J *(Ngidungaken : Haleluya 3 X).*
- f. Khotbah.
- g. Mangsa tidhem.

PISUNGSUNG PEPUJIAN.

PANGAKENING IMAN RASULI (Jumeneng)

PANDONGA SYAFAAT & RAMA KAWULA (Lenggah)

PISUNGSUNG (Dipun pimpin dening P3)

- a. Tetales pisungsung : **Roma 12 :1.**

b. Pamupuning pisungsung.

KPJ 186 URIP KANG SAMESTHINE

1 Urip kang samesthine, lamun tansah ngucap sokur,
Neng ngarsane Sang Kristus, tan pantes takabur.

*Reff. Ironing susah lan bungah sadhengah kaanan,
Aku angidung memuji sokur, yeku karsaNya!*

3 Kanggo apa uripmu, lamun tanpa ngucap sokur?
Kristus dadya Panebus, pasrah kanthi tulus.

4 Dhuh Gusti mugi rena nampi atur kawula,
Roh Suci anunggil, nuntun ing samarga.

c. Pandonga pisungsung.

KIDUNG UTUSAN.

(jumeneng)

KPJ 441 KITA SAMI TINIMBALAN

1 Kita sami tinimbangan, supados ndherek ngladosi
pakaryane Gusti Yesus dhateng sesami.
Amartos aken kabar bingah, nggih Injil ing karahayon
dhateng salir para bangsa, neng alam donya.

*Reff. Tiyang pitados kedah wonten pandamel kang nyata!
Klayang eklas mitulungi tyang kang sinangsara;
sanadyan kita pinangkanya saking maneka bangsa,
nging sesarengan nindakaken pakaryan kang mulya*

PENGUTUSAN & BERKAH

P Ngenerna manah konjuking Allah.

J Kawula eneraken manah konjuk Allah.

P Dadosa seksinipun Sang Kristus.

J Sokur konjuk ing Allah

P Pinujia Allah

J Sapunika dumugi selaminipun.

P Nampenana berkahing Allah : Pangeran Yehuwah maringi berkah dhateng panjenengan lan ngayomi panjenengan; Pangeran Yehuwah nyunaraken cahyaning wadananipun dhateng panjenengan lan maringi sih-rahmat; Pangeran Yehuwah nungkulaken wadananipun dhateng panjenengan lan maringi tentrem rahayu. Amin.

J Haleluya 5 x, amin.

KIDUNG PANUTUP

KPJ 458 MUGI SIH-RAHMATING GUSTI

1 Mugi sihrahmating Gusti
lan sih e Sang Rama
wah patunggilaning Sang Roh Suci,
tumraha ing kula, nggih kula sadaya
Amin, Amin, Amin.

oo00oo

Liturgi HUT 74 Kamardikan Republik Indonesia

JEJER: "TANGGEL JAWAB KEADILAN KANGGE BANGSA"
SABTU , 17 AGUSTUS 2019

PACAWISAN

- Para petugas samekta dhiri ing papan piniji.
- Pasamuwan rawuh lumebet ing pandonga pribadi
- Gegladhan kidung-kidung anyar.
- Pandonga ing Konsistori
- Bel kaungelaken, pasamuwan jumeneng.
- Pemimpin ibadah saha para petugas ingkang ngasa simbul-simbul (lilin, Salib, Kitab Suci, Piring/tuwung bujana) lumebet ing papan pangibadah. Prayogi menawi wonten lelangen tari nusantara kangge murwakani.

TIMBALAN MANGIBADAH.

PI Delengen, Sang Pajar wus rawuh lan madhanggi kita. Sunare wus madhanggi kita wiwit saiki nganti salawas-lawase.

*J Kawula sowan manembah dhumateng Allah, Sang Pepadhang.
(lilin dipun papanaken wonten meja altar).*

PL Delengen, Sang Panebus wus nebus dosa kita. Kawilujengan kang kaparingake, wus nuwuhake kamardikan lan suka bungah kanggo panguripan.

*J Kawula sowan manembah dhumateng Allah, Sang Panebus.
(salib kapanaken wonten ing meja altar)*

PL Delengen, Sang Kawicaksanan wus dedalem ana ing antara kita. Sabdane tansah nuntun lakuning urip kita.

- J Kawula sowan manembah dhumateng Allah, Sang Kawicaksanan.
(Kitab suci dipun paringaken wonten ing meja altar)*
- PL Delengen, Sang Roti lan Banyu Panguripan kang tansah maregi lan nyegerake kita. Pangrimate saben dina wus nguripake kang sarwa tumitah.
- J Kawula sowan manembah dhumateng Allah, Sang Roti lan Toya Panguripan.
(tuwung saha piring bujana kapapanaken wonten ing meja altar).*
- PL Punika sedaya kamirahan peparingipun Allah TriTunggal dhumateng jagad. Peparingipun tansah wonten ing sadhengah kawontenan. Pramila sumangga marek saha manembah wonten ing ngarsanipun kalayan suka bingah, klayan sruning panggunggung.
- J Kawula marek saha manembah dhumateng Allah, Sang Maha Mirah.
(Majelis ngaturaken Kitab Suci dhumateng Pengkotbah).*

IBADAH (jumeneng)

VOTUM & SALAM

- P Pangibadah pengetan ambal warsa kamardikan kaping 74 Republik Indonesia punika, tetales asmanipun, Allah Sang Rama, Sang Putra, tuwin Sang Roh Suci.
- J (ngidung : Amin, Amin, Amin).*
- P Tentrem rahayunipun Sang Kristus tumraha ing panjenengan sedaya.
- J Wonten ing panjenengan ugi.*

LAGU KEBANGSAAN INDONESIA RAYA. (Jumeneng)

PENGETAN PANGRIMATIPUN ALLAH (lenggah)

(Kidungipun Musa : PT.32:4,7-14,36,39).

- P Allah ingkang prakosa, sampurna sedaya pakaryan Paduka, saha lurus kawicaksanan Paduka. Paduka Allah ingkang setya, mboten wonten kaculikanipun, Paduka adil saha tulus ikhlas .
- J *Gusti Allah, kawula kengetan ing mangsa kawuri, kawula kengetan dhumateng lelampahanipun leluhur kawula ingkang kacariyosaken dhumateng kawula. Dhuh Allah ingkang Maha Luhur, nalika Paduka andum pasiten dhumateng bangsa-bangsa, nalika Paduka nemtokaken papan panggenan kangge saben tiyang. Paduka nemtokaken tapel watesing para bangsa, satemah saben bangsa nampi bagianipun. Pramila kawula dados kagungan Paduka saha bangsa kawula dados pusaka Paduka.*
- P Gusti, Paduka ngrawuhi umat Paduka wonten ing ara-ara samun, ingkang sepen. Paduka ngayomi saha ngopeni, kadosdene peksi rajawali ingkang ngayomi susuhipun, mabur wonten ing sanginggiling anak-anakipun, swiwi Paduka nglayang sanginggiling anak-anakipun lan anak-anakipun sami tumumpang ing sanginggiling swiwinipun, makaten dhuh Allah Paduka piyambak ingkang nuntun kawula, umat Paduka .
- J *Paduka nuntun kawula lumampah nut ereng-erenging gunung, saha nedha wohing sabin lan pategilan kawula. Paduka ndamel kawula saged nedha madu saking ereng-erenging gunung sela, lisah saking gunung parang, kaniling puwan lembu, susu menda , gajih saking anak-anakipun menda. Paduka nyamektakaken menda gembel jaler, saha gandum pilihan, woh anggur ingkang munthuk.*
- P+J Gusti Allah, Paduka maringaken keadilan dhumateng para umat, saha welas asih dhumateng kagungan Paduka, nalika Paduka mirsani daya kekiyatan kawula sampun telas. Mugi Paduka mirsani, namung

dhumateng Paduka kawula manembah. Mboten wonten allah sanesipun anjawi namung Paduka. Paduka ingkang mejahi, saha inggih namung Paduka ingkang nggesangaken. Paduka ingkang ngremuk, saha inggih namung Paduka ingkang mulihaken malih.

KIDUNG PAMUJI

KPJ 358 GUSTI BADHE KULA PUJI

- 1 Gusti badhe kula puji ingkang kanthi eklas ing manah, wonten ngaheng ing pra ageng ngungelaken pujining Allah. Kawula badhe asujud, ngucap sokur dhumateng Gusti; dene kadarman Paduka lan kasetyan tan ewah gingsir
- 2 Para rajanipun bumi badhe muji asma Paduka sasampuning sami nampi pangandika lesaning Gusti Sami memuji lan matur sagung sokur dhumateng Allah; sami ngidungken pangrehnya, wit tetela kaluhurannya.

MULAD SARIRA.

(Pertalan saking artikel : A. Sudiarja, Korupsi, korupsi, Basis No.11-12, 2011).

N1 Aku benci korupsi.

N2 *Maksudmu benci koruptor ? Para koruptor kang nilep dhuwite rakyat kuwi ?*

N1 Ya kabeh perkara korupsi, para koruptore, lan kabeh budaya korupsi ing negara kita iki. Wus lawas, media terus martakake,teruslan terus bab korupsi. Wiwit jaman Reformasi nganti saiki, wiwit saka kasus BLBI, Bank Century, Agus Condro, Susno Duaji, Ayin, Pohan, Nunun Nurbaeti, Gayus Tambunan, Nazarudin, Wima atlet, Kemnakertrans

Dhuh dhuh....dhuh.... prekara sing siji durung rampung, kasus liyane wus jumedhul. Sing siji disidik.... disidang..., sing liyane ketangkep. Isih ana meneh prekara sing gedhe, warta bab konflik padha bangsa, bom lampus dhiri, konflik Papua. Kabeh mau gilir gumanti, kaya disengaja teka, supaya bisa nglalekake prekara sawenehing wong, wis embuhlah! Aku dadi bingung, iku kabeh rekayasa apa murni kriminal ya ? pokoke ora cetha. Sing jelas mung siji, situasine dadi ora kepenak.wah asem tenan !!!!!

N2 *Ha....ha....ha, kurang banter iku anggonmu misuh. Nanging, omong omong , kowe iku misuhi sapa ? Pamarentah ? Apa koruptor ? apa mung waton nggresula kahanane masyarakat ?*

N1 Ya, ora ngerti, aku nyalahke sapa. Karepku mono ya sing duwe Pamarentah kang kuwat. Menawa ana koruptor banjur konangan. Menawa ana teroris, langsung ditangkep. Kareben ati kita iku tenang, krasa aman, ora was-was....

N2 *Heh ! kowe iku ngimpi ya ! Persoalane rak ora sederhana, iku banget anggone ruwet. Kanggo mbuktekake menawa ana wong korupsi, iku butuh bukti kang akurat, supaya adil. Sanadyan para Jaksa iku padha ngandika yen bukti wus ana tangan, nanging ana ing proses asring luput, mrucut, ora ganep buktine lan liya liyane maneh*

N1 Wah-wah, omonganmu kuwi kok kaya mbelani para koruptor ta ?

N2 *Orang mengkono ! Fakta kang dumadi asring mangkono. Malahan kala mangsa supaya rakyat dadi tenang, pamarentah nangkep sawijining wong, lan dituduh korupsi, didadekake “ wedus ireng” . mbiyen nate kelakon bab iku. Nangkepi para aktivis amarga dheweke kritis marang Pamarentah.*

N1 Banjur apa kang kudu kita lakoni, minangka rakyat menawa ngadhepi kahanan kang kaya mangkono iku ?

N2 *kanggo njawab pitakonanmu, ayo kita rungokake dhisik Puisine mas Wiji Thukul sing sesirahe “ Puisi untuk Adik “*

PUI SI UN TUK ADIK

(Dipun waos dening Petugas)

Apakah nasib kita akan terus seperti
Sepeda rongsokan karatan itu?
o... tidak, dik!

Kita akan terus melawan
Waktu yang bijak bestari
Kan sudah mengajari kita
Bagaimana menghadapi derita
Kitalah yang akan memberi senyum
Kepada masa depan
Jangan menyerahkan diri kepada ketakutan
Kita akan terus bergulat

Apakah nasib kita akan terus seperti
Sepeda rongsokan karatan itu?
Ooo.. tidak, Dik!

Kita harus membaca lagi
Agar bisa menuliskan isi kepala
Dan memahami dunia

KIDUNG PAMUJI

KPJ 359 INDONESIA NAGRI ADI

- 1 Indonesia nagri adi, sestu kula tresnani;
tanah wutahrah tanah pusaka, paring Allah Rama,
wus tamtu tansah kula labuhi
klayan eklas ing ati.

- 2 Indonesia nagri adi, gemah ripah loh jinawi,
warni warni kewan, tetaneman, ulam langen lelumban,
nedya kula jagi mrih lestari;
niku paringing Gusti
- 3 Indonesia nagari adi, ewon pulo nyawiji,
beda beda suku wah agama, ras lan golonganira.
Tansah kula sesuwun mring Gusti,
mrih bangsa wetah lestari.

PAWARTOS SIH RAHMAT & PITEDAH GESANG ANYAR. (Jumeneng)

- P Tumuli Sang Prabu bakal ngandika marang wong-wong sing ana ing tengené: 'Mara, kowé sing padha binerkahan déning Rama-Ku. Kowé bakal padha ngrasakaké kanikmataning Kratoné Allah, sing wis kacawisaké wiwit dumadiné jagad.
Awit nalika Aku keluwèn, Aku kokcaosi dhahar; nalika Aku ngelak, Aku kokcaosi ngunjuk; nalika Aku ngumbara, Aku kokcaosi pondhokan ing omahmu;
nalika Aku kewudan, Aku kokcaosi ageman; nalika Aku gerah, Aku kokupakara; nalika Aku dikunjara, Aku koktiliki. (**Mat. 25 : 34-36**).
- J *Puji sokur konjuk Allah.*

KIDUNG KESANGGEMAN.

KPJ 362 ING SATENGAHING BEBRAYAN AGUNG

- 1 Ing satengah ing bebrayan agung,
mung Pangeran pantes ginunggung
Rahmat nya binabarken
warata, rumentah mring titah sadaya.

*Reff. Den tansah ndedonga lan makarya,
mrih kababaring tentrem raharja.
Nggih gesang memitran wah pasedherekan,
wit tyang sadaya tresna tineresnan.*

- 2 Nadyan beda basa sese bangsa,
wah beda adat - budayanya,
nging saestu punika sesami,
kang kinasihan dening Gusti.

Reff.

- 3 Sadaya datan pantes gumunggung,
anggonngasken dhiri kumlungkung;
prayogi tansah lembah ing manah,
ngrumaosi jejering titah.

Reff.

PELADOSAN SABDA.

(lenggah)

- a. Pandonga pacawisan nampi sabda.

- b. Maos Kitab Suci 1.

L (maos **1 Samuel 6: 1-6**)

Makaten sabdanipun Allah.

J Puji sokur konjuk Allah.

- c. Maos Injil.

P (Maos : **matius 24:15-27**)

Inggang rahayu inggih punika sedaya tiyang ingkang
mirengaken sabdanipun Allah saha dipun openi. Haleluya.

J (Ngidung : Haleluya – KJ 472).

- d. Khotbah.

- e. Mangsa tidhem.

PISUNGSUNG PEPUJIAN.

PANGAKENING IMAN RASULI

(jumeneng)

PANDONGA SYAFAAT & RAMA KAWULA. (lenggah) (kapimpin dening: P1)

PISUNGSUNG

(Kapimpin dening: P2)

- a. Tetales pisungsung : **Jabur 98:8)**
- b. Pamupuning pisungsung

KPJ 357 ENDAHING SADULURAN

- 1 Endahing saduluran manut rehing Pangeran,
sami dene ngajeni wah mbiyantoni.
Nadyan beda agama wah beda golongannya,
tunggal rasa, pambekan, pri kamanungsan.
Kluwung pindhanya, endahing warna,
nyawiji mbangun urip kang adya,
tentrem raharja.
 - 3 Rukun gawe santosa, crah mung bubrah wohira;
ngestokna sabdeng Gusti, tresna sesami.
Nadyan panemu beda, nging tan samya sulaya;
olah kawicaksanan, tan nang menangan.
- c. Pandonga pisungsung .

TEKAD GESANG WONTEN GUSTI.

(jumeneng)

- P Duh Gusti Yesus, nyarengi kaliyan pengetan dinten kamardikan
ing kang kaping 74 Republik Indonesia, kawula nyuwun Paduka
nggesangaken saha nuntun cara ningali
- J *Kadosdene nalika Paduka nyawang Petrus sasampunipun nyélaki
Paduka.*

- P Paduka wucal cara ngladosi...
- J Kadosdene nalika Paduka mijiki sukunipun para murid wonten ing pambujanan dalu pungkasan..*
- P Paduka wucal kawula cara ngrampungaken persoalan.....
- J Kados dene nalika Paduka ngrampungaken prekawisipun wanita ingkang kadenangan lampah jina.*
- P Paduka wucal cara preduli sesami...
- J Kadosdene nalika Paduka preduli dhumateng Zakeus ingkang sanget kepengin pepanggihan kaliyan Paduka, sanajan ngrumaosi mboten pantes.*
- P Paduka wucal kawula saged micara ...
- J Kadosdene nalika Paduka paring piwucal wonten ing sanginggiling gunung..*
- P Paduka wucal kawula saged nresnani...
- J Kadosdene nalika Paduka ngorbanaken dhiri kangge kawula sami..*
- P+J Satemah Adeg kawula minangka kagungan Paduka, migunani kangge sesami , ugi bangsa lan negari.

PUJIAN LAGU NASIONAL.

- Rayuan Pula Kelapa
- Indonesia tanah air beta
- Padamu Negeri.

UTUSAN & BERKAH.

- P Ngenerna manah konjuk ing Allah.
- J Kawula eneraken manah konjuk Allah.*

- P Dadosa seksinipun Sang Kristus.
- J *Sokur konjuk ing Allah*
- P Pinujia Allah
- J *Sapunika dumugi selaminipun.*
- P Nampenana berkahing Allah : Pangeran Yehuwah maringi berkah dhateng panjenengan lan ngayomi panjenengan; Pangeran Yehuwah nyunaraken cahyaning wadananipun dhateng panjenengan lan maringi sih-rahmat; Pangeran Yehuwah nungkulaken wadananipun dhateng panjenengan lan maringi tentrem rahayu. Amin.
- J *Haleluya 5 x, amin.*

KIDUNG PANUTUP.

KPJ 360 INDONESIA NAGRI ENDAH

- 1 Indonesia nagri endah, peparinging Yehuwah;
mila kula dongakaken, mrih raharja wah tentrem
- 2 *(kapujekaken tanpa interlude/terusan)*
Allah yeku kang ngayomi bangsa dalah negari;
ing sisah tanapi bingah, mung Pangeran sinembah
(----- interlude-----)
- 3 Kabegjan wah kaluberan mung krana sihing Gusti
bebener lan kaadilan tansah kedah denudi
- 4 *(kapujekaken tanpa interlude/terusan)*
Bangsa nagri Indonesia mug i tansah lestari,
Kalis sing salir bebaya, wit rineksa ing Gusti

Oo00oo

Liturgi Minggu 999 Wulan Kabangsaan

JEJER: "PERJUANGAN IMAN ING SATENGAHING PANANDHANG"

MINGGU, 18 AGUSTUS 2019

PACAWISAN

- Para petugas samekta dhiri ing papan piniji.
- Pasamuwan rawuh lumebet ing pandonga pribadi
- Gegladhan kidung-kidung anyar.
- Pandonga ing Konsistori
- Bel kaungelaken, pasamuwan jumeneng.

PL Dinten lumampah, mangsa gumanti. Gilir gumantosing wekdal nuntun kita lumampah wonten ing alam kamardikan ingkang sampun nyandhak umur 74 warsa. Ananging sedayanipun punika, tetep Gusti Allah ingkang kagungan samukawis. Panjenenganipun ingkang mranata saha ngopeni tata gesanging manungsa, wiwit kala rumiyin, sapunika ngantos selami-laminipun. Mila sumangga sami sujud manembah, kanthi manah ingkang saestu kangen lan kurmat dhumateng Allah ingkang gesang, sesarengan kita kidungaken KPK Lami 115: 1,3 " **Pangandel dhumateng Allah** ".

Neng nggunung wah neng ngare Gusti Allah ana
Nyanga ngendi paranku mesthi ana uga
Endi kang dadi cipta lan osiking ati
Kabeh mesthi kapirsan ing Allah Hyang Widi.

Neng swarga lan neng bumi wengkone Pangeran
Jasad gedhe cilika Allah tan klimengan
Saliring tumitahnya sajagad warata
Tansah anelakake piwlas lan kwasanya.

IBADAH

VOTUM & SALAM

(Jumeneng)

P Pitulungan kita punika wonten ing asmanipun Allah ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.

J Amin

P Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita lan saking Gusti Yesus Kristus, wontena ing panjenengan sadaya.

J Wontena ing panjenengan ugi.

BEBUKA

(lenggah)

PL Pinujia Allah awit katresnanipun, ingkang sampun nuntun lampahing bangsa kita. Panjenenganipun ngrampit saha njagi kita, lumampah nggayuh gesang sejatos. Panjenenganipun maringi Roh Suci, saha paring kekiyatan kangge saged martosaken kabar kawilujengan, pakaryanipun Allah dhumateng sedaya manungsa. Malahan nalika kita kedah aben ajeng kaliyan panandhang, ingkang kalamangsanipun kados mboten wonten watesipun, sih katresnanipun Allah tetep dipun paringaken dhumateng kita. Kanthi pangajab kita saged unggul saking sawernining panandhang. Pramila sumangga kita mulyakaken saha luhuraken Asmanipun, kanthi repining kidung KPJ 356 : 1-2.

KPJ 356 ATUSAN TAUN SABANGSA JINAJAH

- 1 Atusan taun sabangsa jinajah,
nging samangkya bebas wus mardika;
sestu mung krana sih rahmating Allah,
karana perjuangan aning tyang sabangsa.

*Refr: Agung sih ing Allah Hyang Maluhur;
swasi kinen tansah saos sokur,
kanthi giyak tumemen makarya,
mrih raharja lair wah batos kita.*

- 2 Nagri kita Republik Indonesia
tetalesnya yeku Pancasila;
tangsul kekah pangiket tyang sabangsa.
Mugi Gusti mberkahi mrih lestarnya.
Reff.

PANGAKENING DOSA

- P Nuli padha diberkahi, pangandikané, "Padha bebranahana lan tangkar-tumangkara; turunmu padha ngebakana lan ngwasanana bumi. Mengkono uga padha ngwasanana sakèhing iwak, manuk-manuk lan kéwan-kéwan alasan." (PD 1 : 28)
- PL Dhuh Allah ingkang nitahaken samukawis, Paduka sampun mitadosaken tata gesanging bumi dalasan sedaya isinipun dhumateng manungsa. Paduka maringi wewengan kangge ngopeni alam gumelar. Ananging kawula asring mboten nyuwanten menawi alam punika dipun risak kanthi alasan lan cara maneka warni. Kawula ngèndelaken para penambang tanpa ijin terus ngrisak kas kayaning bumi kanthi serakah. Kawula inggih ngèndelaken para tiyang ingkang mbucal limbah tanpa reringa. Malahan kawula ugi asring nelasaken kas kayaning alam gumelar punika.
- J *Kanthi andhap asor kawula nyuwun pangapunten dhuh Allah, amargi kawula mboten kuwagang ngemudheni diri ingatasipun alam, saha kèndel kemawon wontenipun tumindak ingkang mboten adil.*

KIDUNG PANALANGSA.

KPK BMGJ 54 : 1-2 “ NYUWUN AKSAMA “

Dhuh Gusti kang Mawilasa mugè paring aksama
Kula getun de klepatan nglawan dhateng Pangeran
Nglirwakken dhawuh Paduka manut hardaning dosa
Temah tan ngraosken tentrem tebih sing gesang langgeng.

Dhuh Gusti kang Maha tresna mugè ngruwat kawula
Temah kula dados suci tetunggilan lan Gusti
Manah kang peteng wit dosa enggal pulih lejara
Pangajeng-ajeng binuka ngener mring Allah Rama.

PAWARTOS SIH RAHMAT

(jumeneng)

P Dosa kawula lajeng kawula akeni ing ngarsa Paduka, lan kalepatan kawula mboten kawula aling-alingi, panyuwun kawula, "Dakngakoni panerakku ana ing ngarsané Allah." Paduka lajeng ngapunte piawon kawula. (jabur 32 : 5).
Makaten sabda sih rahmat saking Allah.

J Puji sokur konjuk Allah.

P Sami nampenana tentrem rahayu ingkang sami purun ngakeni dosa. Panjenenganipun sampun kersa ngapunte. Sumangga sami saged ngaturaken panuwun sokur, kanthi ngaturaken "salam damai" katur para sedherek sedaya.

J (sami jawat asta)

KIDUNG PAMUJI SOKUR.

KPJ 117 KALA KULA DHAWAH

Kala kula dhawah lan tanpa daya, nyawa kula kapetek, kasiksa.
Kula tansah nyuwun tulung mring Gusti, karsa rawuh, mrih amitulungi.

*Kula tansah kaangkat maring arga,
kula kwawi anempuh prahara;
wah kiyat, wit sinanggi swiwinya,
anglangkungi budidaya kula.*

PELADOSAN SABDA

(lenggha)

- a. Pandongan pacawisan nampi sabda.
- b. Maos Kitab Suci 1.
 - L Waosan Kitab Suci kapisan kapendhet saking **Yeremia 23:23-29**.
Makaten sabdanipun Allah.
 - J *Puji sokur konjuk Allah.*
- c. Mazmur tanggapan.
 - L Sumangga kita tanggi pamaosing kitab suci kapisan kala wau,
kanthi **maos Jabur 82**, kanthi cara litani.
- d. Maos Kitab Suci 2.
 - L Waosan Kitab Suci kaping kalih kapendhet saking **Serat Ibrani 11: 29-12:2**.
Makaten sabdanipun Allah.
 - J *Puji sokur konjuk Allah.*
- e. Pamaosing Injil.
 - P Waosan Injil wanci punika kapendhet saking **Lukas 12 : 49-56**.
Makaten Injil Yesus Kristus. Inggang rahayu inggih punika
inggang sami purun mirengaken sabdanipun Allah, saha
mapanaken wonten telenging manah lajeng dipun
tindakaken. Haleluya.
 - J *(ngidung : haleluya 3 X).*
- f. Khotbah.
- g. Mangsa tidhem.

PISUNGSUNG PEPUJIAN.

PANGAKENING IMAN RASULI

(jumeneng)

PANDONGA SYAFAAT & RAMA KAWULA

(lenggah)

PISUNGSUNG

(dipun pimpin: P2)

- a. Maos tetales pisungsung (**jabur 50:23**)
- b. Pamupuning pisungsung.

KPJ 179 PISUNGSUNG KAGEM GUSTI

- 1 Pisungsung kagem Gusti, sinaosken klayan bingah;
tan owel miwah kepeksa, nging kanthi eklas ing manah.
Yen kumed kang sinebar, nggih kumed pangundhuhnya;
yen loma kang sinebar, nggih loma pangundhuhnya.

*Refr: Kula sami memuji mring Allah Kang Mahamirah;
srana penambut kardi, saged nampeni berkah.
Kula mboten was sumelang ing sadhengah kabetahan,
yen pitados mring Gusti, mesthi datan kekirangan.*

- 2 Pisungsung kagem Gusti, tan namung bandha kadonyan;
ugi raga-badan kita, dadosa korban kang gesang.
Nindhakken karseng Allah, nggih ibadah sejati;
tan kentir ombyaking jaman, nging manut pangrehe Gusti.
Reff.

- c. Pandonga pisungsung.

KUDUNG UTUSAN

(Jumeneng)

KPJ 359 INDONESIA NAGRI ADI

- 1 Indonesia nagri adi, sestu kula tresnani;
tanah wutahrah tanah pusaka, paring Allah Rama,
wus tamtu tansah kula labuhi klayan eklas ing ati.

- 2 Indonesia nagri adi, gemah ripah loh jinawi,
warni warni kewan, tetaneman, ulam langen lelumban,
nedya kula jagi mrih lestari; niku paringing Gusti

UTUSAN & BERKAH

P Ngenerna manah konjuk ing Allah.

J Kawula eneraken manah konjuk Allah.

P Dadosa seksinipun Sang Kristus.

J Sokur konjuk ing Allah

P Pinujia Allah

J Sapunika dumugi selaminipun.

P Nampenana berkahing Allah : Pangeran Yehuwah maringi berkah dhateng panjenengan lan ngayomi panjenengan; Pangeran Yehuwah nyunaraken cahyaning wadananipun dhateng panjenengan lan maringi sih-rahmat; Pangeran Yehuwah nungkulaken wadananipun dhateng panjenengan lan maringi tentrem rahayu. Amin.

J Haleluya 5 x, amin.

KIDUNG PANUTUP

KPJ 359 INDONESIA NAGRI ADI

- 3 Indonesia nagari adi, ewon pulo nyawiji,
beda beda suku wah agama, ras lan golonganira.
Tansah kula sesuwun mring Gusti,
mrih bangsa wetah lestari.

Oo00oo

Liturgi Minggu IV Wulan Kebangsaan

JEJER: "MRATELAKAKEN KAMURSIDAN , NGUCULI
JIRETING GESANG"

MINGGU, 25 AGUSTUS 2019.

PACAWISAN

- Para petugas samekta dhiri ing papan piniji.
- Pasamuwan rawuh lumebet ing pandonga pribadi
- Gegladhan kidung-kidung anyar.
- Pandonga ing Konsistori
- Bel kaungelaken, pasamuwan jumeneng, PL ngajak pasamuwan murwakani pangibadah !

PL Kawula memuji Paduka dhuh Allah,

J Sadangunipun nafasing gesang taksih wonten badan, kawulan badhe tansah memuji Paduka.

PL Paduka nitahaken jagad saha jangkep saisinipun

J Paduka nyarasaken tatu, mulihaken singgetan ingkang tuwuh wonten jagad punika.

PL Paduka ngrubuhaken tembok " egoisme" saha sikap mboten preduli

J Paduka nangsuli kawula kaliyan rantening patunggilan minangka bangsa Indonesia.

PL Kawicaksanan Paduka nglangkungi wiyaripun samodra gung, saha lebeting seganten.

J Pinujia Allah ing salami-laminipun.

KIDUNG PAMUJI

KPK BMGJ 313 : 1-2 “ PAPAN PANGIBADAH “

Papan pangibadah saestu ngangeni
Kawula sami ngabekti ngraosken nunggil lan Gusti
Ngluhurken asmanya mirengken sabdanya.

*Reff. Mareka mareka kanthimanah tulus memuji
Nampi berkahing Gusti mrih saged mbabarken tresna.*

Papan pangibadah papan ingkang adi
Mangga nggumolongken manah nyuwun mantebing pracaya
Mrih wantun neksemi sih rahmating Gusti.

Reff.

*(binarung ungeling kidung, rombongan pemimpin ibadah mlebet ing
papan pangibadah, ngajeng piyambak petugas ngasta lilin (P1).*

VOTUM

(jumeneng)

P Pitulungan kita punika wonten ing asmanipun Allah ingkang
nitahaken langit kaliyan bumi.

J Amin

SALAM

P 3 / 6 6 7 1 6 / 1 1 2 3
Salam rahayu, salam rahayu

*J 3 / 6 . . 5 4 / 3
Salam salam*

P 3 / 6 3 2 1 2 / 3 1 7 6
Tentrem rahayu ning Sang Kristus

*J 3 / 6 . . 1 7 / 6
Tumrah mring kula.*

BEBUKA

(lenggah)

PL Sampun setunggal wulan punika, kita kaparingan wewengan kangge ngraos-ngraosaken adeg kita minangka bangsa Indonesia. Kita kaèngetaken dhumateng beda-bedaning budaya, saha sedaya kas kayaning bumi, ingkang dipun paringaken dening Allah kangge kita bangsa Indonesia.

Sesarengan kaliyan punika kita ugi dipun emutaken malih, bilih taksih kathah persoalan-persoalaning bangsa ingkang dereng rampung. Mugi lumantar kita sedaya , kita sinagedaken kangge mratelakaken kamursidan, saha nguculi jireting gesang, kangge kepentinganipun bangsa.

KIDUNG PAMUJI

KPJ 375 DHUH GUSTI, PANGAYOMAN KAWULA

- Putri* 1. Dhuh Gusti, pangayoman kawula.
wiwit anem kawula, dados tameng rumeksa;
wiwit wonten kandhutan, etuking sih nugraha.
- Reff.* *sampun tinegakken ngantos sepuh kawula,
Gusti; sampun tinilar kala badan sangsaya ringkih,
dimen kawula mboten inginasar datan nalangsa,
krana Paduka pangayoman kawula.*
- Kakung* 2. Dhuh Gusti, pangayoman kawula,
Paduka trus pinuji, tan kendhat saben wanci
Jer pakaryan Paduka sawendah wah prayogi.
Reff.
- Sedaya* 3. Dhuh Gusti, kawula dhinawuhan
wiwit alit kawula ngantos mabluking uwan,
mundhi dhawuh Paduka ngundhangken sih-katesnan
reff.

PANGAKENING DOSA

- P Mulané kita aja padha bosen nindakaké kabecikan, sebab yèn kita ora kendho, bakal ana mangsané kita padha ngundhuh asilé. (**Gal.6:9**)
- PL Dhuh Allah, ingkang Maha Sae, Paduka sampun maringaken patuladhan tumindak sae, dhumateng sedaya umat Paduka. Paduka sampun nedahaken cara gesang ingkang mboten mbedak-mbedakaken tiyang. Ananging kawula mboten lantip ing pangraos, dhumateng patuladan saha cara gesang peparing Paduka. Kawula taksih remen mbedak-mbedakaken tiyang. Kawula namung saged tumindak sae, dhumateng tiyang-tiyang ingkang sami kaliyan kawula. Kawula mboten purun gesang sesarengan kaliyan asanes sesamining titah. Malahan kawula negakaken sesami saya risak saha kapetek.
- J *kanthi andhap asoring manah, kawula nyuwun pangapunten konjuk Paduka, dhuh Allah. Amargi kawula taksih matesi tumindak sae kangge sesami.*

KIDUNG PANALANGSA

KPJ 196 KULA PENGIN LIR GUSTI

- 1 Kula pengin lir Gusti, sumlondhoh ing ati,
tandang tanduk lan tembung mraati ngresepi.
*Reff. O, lah, kawula sestu tan memperlan Gusti.
 Kula mugl winulang, nulad maring Gusti.*
- 2 Kula pengin lir Gusti, sumarah lan pasrah,
napa kang sunlampahi, nut kasraning Allah. *Reff.*
- 5 Kula pengin lir Gusti, tresna maringAllah,
nindakna kasaenan, ulah mangibadah. *Reff.*

PAWARTOS SIH RAHMAT

(jumeneng)

- P Awit saka gedhéning sih-katresnané Gusti Allah marang jagad, nganti Panjenengané ngurbanaké Putrané ontang-anting, supaya saben wong sing precaya marang Sang Putra mau ora nemu karusakan, nanging ngalamana urip langgeng.
Mulané enggoné Gusti Allah ngutus Putrané rawuh ing jagad kuwi ora supaya dadi Hakim, nanging supaya dadi Juru Slameté jagad mau.
(Yoh. 3: 16-17).

Makaten sabda sih rahmat saking Allah.

- J *Puji sokur konjuk Allah.*

(kalajengaken sami dene jawat asta kanth atur “Tentrem rahayu”)

KIDUNG PAMUJI SOKUR

KPJ 182 PUJI SOKUR LAN PANGGUNGUNG

- 1 Puji sokur lan panggungggung konjuk mring Hyang Maagung, kang nitahken jagad raya wah ngreksa kanthi setya.
Makluk wrataranimatan krana sihing Pangeran.
Jagad tentrem lan raharja, lamun manut pangrehnya.
- 3 Puji sokur lan panuwun konjuk Allah Mamulya, kang sampun paring pitulung mring pra manungsa dosa.
Kang panggah sami pracaya mring Panebus sejati, saestu manggya raharja, mulya langgeng ing swargi

PELADOSAN SABDA

(lenggh)

- a. Pandonga pacawisan nampi sabda.
- b. Maos Kitab Suci 1
 - L Waosan Kitab Suci kapisan kaping saking **Yesaya 58: 9b-14**.
Makaten sabdanipun Allah.
 - J *Puji sokur konjuk Allah.*

- c. Mazmur tanggapan.
 L Sumangga kita tanggapi waosan kapisan kalawau, kanthi maos **Jabur 102 : 1-8**, kanthi cara litani.
- d. Maos Kitab Suci 2.
 L Waosan kitab suci kaping kalih kapendhet saking **Ibrani 12:18-29**.
 Makaten sabdanipun Allah.
 J *Puji sokur konjuk Allah.*
- e. Pamaosing kitab Injil.
 P Waosan Injil wanci punika kapendhet saking **Lukas 13: 10-17**.
 Makaten Injil Yesus Kristus. Ingkang rahayu inggih punika ingkang sami purun mirengaken sabdanipun Allah, saha mapanaken wonten telenging manah lajeng dipun tindakaken. Haleluya.
 J *(ngidung : haleluya 3 X).*
- f. Khotbah.
- g. Mangsa tidhem.

PANGAKENING IMAN RASULI (jumeneng)

PANDONGAN SYAFAAT & RAMA KAWULA (lenggah)

PISUNGSUNG (dipun pimpin dening P3)

- a. Maos tetales pisungsung (**2 Korinta 9:6-8**)
- b. Pamupuning pisungsung.

KPJ 179 PISUNGSUNG KAGEM GUSTI

- 1 Pisungsung kagem Gusti, sinaosken klayan bingah;
 tan owel miwah kepeksa, nging kanthi eklas ing manah.
 Yen kumed kang sinebar, nggih kumed pangundhuhnya;
 yen loma kang sinebar, nggih loma pangundhuhnya.

*Reff: Kula sami memuji mring Allah Kang Mahamirah;
srana penambut kardi, saged nampeni berkah.
Kula mboten was sumelang ing sadhengah kabetahan,
yen pitados mring Gusti, mesthi datan kekirangan.*

- 2 Pisungsung kagem Gusti, tan namung bandha kadonyan;
ugi raga-badan kita, dadosa korban kang gesang.
Nindhakken karseng Allah, nggih ibadah sejati;
tan kentir ombyaking jaman, nging manut pangrehe Gusti.
Reff.

c. Pandonga pisungsung.

KIDUNG UTUSAN

(jumeneng)

KPK BMGJ 142 “Mung Kristus Juru Basuki”

- 1 Mung Sang Kristus Yesus Gusti Juru basuki
wit sih tresnanya mring sagung manungsa
ngantos ngurbanken sriranira mila tyang kang pracaya
sinungan gesang nyata wah tentrem raharja.
- 2 Mung Sang Kristus Yesus Gusti Juru Basuki,
sabdanya yekti kebak ing pangwasa
nggih sabdaning Allah pribadya tyang kang manut lan setya
ing gesangira mung kabegjan kang pinanggya.

UTUSAN & BERKAH

- P Ngenerna manah konjuk ing Allah.
- J Kawula eneraken manah konjuk Allah.*
- P Dadosa seksinipun Sang Kristus.
- J Sokur konjuk ing Allah*

P Pinujia Allah

J *Sapunika dumugi selaminipun.*

P Nampenana berkahing Allah : Pangeran Yehuwah maringi berkah dhateng panjenengan lan ngayomi panjenengan; Pangeran Yehuwah nyunaraken cahyaning wadananipun dhateng panjenengan lan maringi sih-rahmat; Pangeran Yehuwah nungkulaken wadananipun dhateng panjenengan lan maringi tentrem rahayu. Amin.

J *Haleluya 5 x, amin.*

KIDUNG PANUTUP

KPK BMGJ 142 “Mung Kristus Juru Basuki”

3 Mung Sang Kristus Yesus Gusti Juru Basuki,
panunggil lan panuntuning pangrehnya
sestu sung santosaning driya tyang pracaya sumarah
sinung ayem ing manah wah tan nate semplah.

Oo00oo

Pakempalan Panyuraos Kitab Suci

“GEREJA LAN SEMANGAT URIPING PASEDULURAN” YOKANAN 15:9-17

1. Lumbet ing Pakempalan Panyuraos Kitab Suci:

- Sesarengan lumbet ing sidhem sawatawis
- Pepujen saking KPK BMGJ 29:1,2

1]. Adhuh Gusti lamun kula nyipati
lintang abyor ing dalu kang sepi
wah gumlegering gludhug ing akasa
kula ngungun gunging kamulyanta

Refrein:

nyawa kula gya sumyak sung puja yekti Allah Maha kwsa
nyawa kula gya sumyak sung puji yekti Allah Maha kwsa.

2]. Lamun nlasak tengahing wana wasa
sato peksi kekidungan ramya,
wonten ngaré dalah ing ardi ugi,
bra gumelar sesawangan adi,

[Refrein:]

- Donga Pambuka
 - Kidung pepujen KPKE BMGJ 29: 3,4
- 3]. Yèn siniram ilining samirana
wah tinempuh ombaking samodra,
ngganda sekar kang arum miwah éndah
manah ngungun wit gunging pra titah

Refrein:

nyawa kula gya sumyak sung puja yekti Allah Maha kwasa
nyawa kula gya sumyak sung puji yekti Allah Maha kwasa.

- 4]. Klangkung ageng gunging sih susetyanta,
kang ngurbanken Sang Kristus, Sang Putra,
sinalibken, séda tedhak mring nraka,
mrih manungsa basuki slaminya [Refrein :]

2. Waosan Kitab Suci

- Pandonga nyuwun tuntunaning Roh Suci
- Maos Kitab Suci Yokanan 15:9-17
- Seserepan

“Gereja lan Semangat Uriping Paseduluran”

Injil Yokanan 15:9-17

Nalika Gusti Yesus ngandika *“kaya Sang Rama enggoné nresnani Aku.”* saged ugi kita tampi kanthi pangertosan: *“Rama-Ku bungah lan marem tumrap Aku”* kados pundi kok saged makaten? Punapa ingkang dados watak mirungga sesambetanipun Gusti Sang Rama kaliyan Gusti Yesus? Wangsulipun, punpa kemawon ingkang dipun rancang dening Sang Rama tumrap kawilujenganipun manungsa katindakaken kanthi wetah, burus, lan lembah manah dening Sang Kristus. Gusti Yesus ngreksa lan ngrimat tetangsulanipun kaliyan Sang Rama supados tansah sinagedaken ngestokaken dhawuhipun Sang Rama. Tumrap Gusti Yesus, ingkang naminipun katresnan sami kaliyan: ngrimat, lan njagi wawan-rembag (komunikasi) ingkang sae kaliyan Sang Rama. Lan saking Allah Sang Rama, miturut Yokanan, Sang Rama ingkang nresnani Gusti Yesus punika ateges namung Gusti Yesus kemawon ingkang dipun pracaya dening Sang Rama. Kapracayan bab rancangan milujengaken manungsa. Kanthi wetah kapracayan punika dipun paringaken dumateng Gusti Yesus.

Perkawis punika saged kalampahan amargi ing antawisipun Sang Rama lan Sang Kristus, wonten kapracayaan ingkang katindakaken kanthi pirembag sae. Sang Rama pitados dumateng Gusti Yesus, kosok wangulipun Sang Kristus kanthi gumolong ing manah ugi pitados dumateng Sang Rama. Sang Rama “bungah lan marem” dumateng Sang Kristus awit ing Sang Kristus sadaya rancanganing Sang Ramakatindakaken kanthi jangkep lan wetah. Ing antawisipun Sang Rama lan Sang Kristus sami-sami kagungan karsa milujengaken manungsa.

Piwucal ingkang saged kapethik

Piwucal saha semangat ingkang saged kapethik inggih punika sami-sami pracaya anggenipun nindakaken pakarya kawilujenganing manungsa, punapa dene bab ingkang sae tumraping manungsa.

Kajawi punika, ing antawisipun Sang Rama lan Sang Kristus sami dene nindakaken kautamen sami dene pracaya kanthi sakwetahipun. Piwucal ingkang dipun tengenaken dening Yokanan, ingkang ngatingalaken sesambetan ing antawisipun Sang Rama lan Sang Kristus punika saged kita dadosaken piwucal ingkang aji lan migunani tumrap gereja lan masyarakat. Gereja lan masyarakat minangka patunggilan ingkang nyawiji gadhah pangertosan kados dene yatra. Gambar ing sak sisihipun yatra menawi boten wonten gambar ing sisih sanesipun ateges yatra punika asli lan sah. Makaten ugi sesambetanipun gereja kaliyan masyarakat.

Ing salebeting gesangipun gereja, wonten brayat-brayat kristen. Kawiwitan saking gambaran sesambetaning warganing kulawarga punika patraping piwucal ingkang nggambaraken sesambetanipun Sang Rama lan Sang Kristus, miturut Yokanan, saged dipun wujudaken kanthi subur. Ing sakmadyaning brayat para pitados, bab piwucal sami dene pracaya – kados dena Sang Rama kaliyan Gusti Yesus - kanthi sengaja

dipun tindakaken dening brayat kristen. Para brayat kristen sami dene sesambetan kanthi pangertosan bilih sadaya punika sumoroting cahyanipun Sang Kristus kaliyan Sang Rama. Sadaya sami ngginakaken semangat nampeni lan ngaturaken kapracyan kanthi wetah. Menawi boten makaten, badhe angel sanget nggambaraken gambaran bilih brayat kristen punika sumoroting cahyanipun Sang Kristus, ingkang remen mbangun semangat pasedhèrèkan. Semangat punika kedahipun dipun sengkakaken lan dados jati dirinipun sadaya tiyang kristen, saé ing gesang bebrayatan punapa dene ing gereja.

Gesangipun gereja salebeting nguri-uri semangat pasedherekan, saged kadadosaken sumbangsih tumrap masyarakat bangsa Indonesia. Kados dene Gusti Yesus nindakaken jatining diri lan pakaryanipun ing sakmadyaning masyarakatipun, gereja ugi sami dene sinau nindakaken jati diri lan pakaryanipun kangge bangsanipun. Pakaryan ingkang nuladha dumateng tetangsulanipun Sang Rama kaliyan Gusti Yesus. Mbangun pirukun ing saktengahing warganing brayat kanthi setya tuhu, ing antawisipun gereja-gereja, saha pasedherekan kaliyan sinten kemawon. Sadaya punika saged dados piwucal sae tumrapping bangsa Indonesia.

- Pirembag bab ngecakaken waosan:
 1. Minangka tiyang kristen, punapa ingkang saged panjenengan aturaken kangge masyarakat?
 2. Perkawis punapa kemawon ingkang saged panjenengan aturaken dumateng masyarakat, magepokkan kaliyan fungsi lan peran tiyang kristen
 3. Upami panjenengan kadhapuk dados RT, utawi RW, malah Lurah, utawi saknginggilipun, perkawis punapa ingkang panjenengan udi murih kasaenanipun masyarakat

3. Pandonga Sokur

4. Pepujen Sokur KPK BMGJ 317:1,2

- 1]. Indonesia nagri éndah peparing ing Yéhuwah
mila kula dongakaken mrih raharja wah tentrem.
- 2]. Allah yéku kang ngayomi bangsa dalah negari
ing sisah sarta ing bingah mung Pangèran sinembah.

Pakempalaning Pandonga

“RASA PASEDULURAN MINANGKA SALAH SATUNGGALING CARA GUSTI ALLAH NGREKSA TITAHIPUN”

1 TIMOTIUS 2:1-7

1. Lumbet ing pakempalaning pandonga:

- Sidhem sakwatawis
- Pepujen saking KPK BMGJ 319:1
 - 1]. Endahe saduluran manut rehing Pangeran,
sami dene ngajeni, wah mbiyantoni
nadyan beda agama wah beda golongannya
tunggal rasa pambekan pri kamanungsan,
Refrein: kluwung pindhanya endah ing warna,
nyawiji mbangun urip kang adya, tentrem raharja
- Donga Pambuka
- Pepujen saking KPK BMGJ 319:2
 - 2]. Rukun ing pitepangan sumanak ing rembugan,
dhemen sung pangapura nyirik piala,
nging samya silih ngalah mbabarken tresna tansah,
nulad ing sihe Allah mring sagung titah,
Refrein: kluwung pindhanya endah ing warna,
nyawiji mbangun urip kang adya, tentrem raharja

2. Maos Kitab Suci

- Pandonga nyuwun tuntunaning Roh Suci
- Maos 1 Timotius 2:1-7
- Andharan kitab suci

“Rasa Paseduluran Minangka Salah Satunggaling Cara Gusti Allah Ngreksa Titahipun”

Pitutor sae lan migunani temtu nggadhahi ancas utawi enering sedyo. Ing pangajab pitutor sae lan luhur ngajak supados sok sintena kemawon sami nindakaken kasaenan. Kathah kasaenan ingkang magepokan kaliyan gesang sosial kemasyarakatan. Manungsa boten gesang kanthi piyambakan, utawi kanthi sangaja nebih saking tiyang sanes, nyingkur saking masyarakat limrah. Manungsa mbetahaken tiyang sanes, saha kosok wangsulipun tiyang sanes ugi betah piyambakipun. Pribadinipun nunggil kaliyan tiyang sanes. Kanthi nindakaken kados punika gesangipun manungsa pantes lan limrah. Supados ingkang makaten punika wau kasembadan, manungsa mbetahaken rasa kamanungsan paseduluran, dados sesami tumrap sesaminipun.

Rasaning paseduluruan ndadosana tiyang nggadhahi rasa simpati lan empati. Tegesipun simpati punika, saged ngraosaken pangraosing sesaminipun. Wondene ingkang namnipun empati sami kaliyan nyamekaken kawontenaning batos pribadi sami kaliyan tiyang sanes ugi utawi masyarakat. Kejawi punika, kanthi simpati lan empati ndadosana satunggaling tiyang dados patunggilan ingkang sumadya njagi tertibing pepadhanipun, raosing katentereman, adegipun pranatan, saha gesang sosial. sadaya punika minangka pirantos adegung jaminan lan lancaripun gesang kemasyarakatan kangge sadaya warga.

Ing salebeting pitutor luhuripun dumateng siswa kinasih lan putra karohanenipun, rasul Paul ing serat 1 Timotius maringi pitedah dumateng Timotius. Timotius supados tansah ngudi lan nggladhi pemanggihipun saha patraping gesang nggadhahi watak simpati lan empati dumateng masyarakat bangsa. Pitedah lan pitutor luhur dene Timotius tansah ndedonga kanthi pandonga panyuwun karaharja kangge bangsa lan

masyarakat. Timotius katuntun supados ndamel tuladha ing gesangipun, bilih iman lan olah kemasyarakatan punika nunggil sapatunggilan.

Iman ateges yakin lan pitados dumateng panguwaosipun Gusti Allah ingkang mahaluhur, iman ingkang kados punika dipun wujudaken kanthi patrap nyata. Salah satunggiling patrap inggih punika nyuwunaken berkahipun Gusti Allah kangge bangsa lan nagari. Ancasing pandonga inggih punika supados Gusti tansah maringi katentereman lan karaharjan tumrap masyarakat.

Rasul Paul maringi pangertosan bilih perkawis punika wigatos, inggih punika: pandonga syafaat, lan pamatur nuwun kangge masyarakat, punapa dene pandonga kangge para pangagening bangsa supados Gusti karsa ngagem sadaya punika dados pirantos sembada ndhatengaken kasaenan. Patraping pandonga punika, paling boten saged dados pirantos, tumrap ingkang ndedonga, pakulinan sae. Pakulinan sae ingkang ndhatengaken kasaenan, inggih punika, sinaosa ngalami cuwa ing manah awit dados kurban angkaraning panguwaos, nanging taksih purun ndedonga sae kangge panguwaosing pemerintah. Ngewah ingkang awon dados sae In becik kados punika mbetahaken raosing lembah manah lan gladhi ingkang saestu awrat. Nanging, rasul Paul nggadhai pemanggih bilih iman lan raosing yakin boten namung kangge ngibadah kemawon, nanging ugi kangge gesanging sosial kemasyarakatan.

Saking pakulinan sae punika temtu badhe tuwuh tunggil rasa dados sadherek dumateng sesami sak bangsa sak nagari. Tunggaling rasa minangka satunggal sadherek nyangkakaken pangraos sanes-sanesipun, inggih punika wonten mbelani lan ngudi hak-hak asasi ingkang karampas, wantun mbelani hak-hak sesami ingkang katindhes lan kalirwakaken dening panguwaos. Punpa dene wantun ngudi hak asasi tanpa tumindak awon, saha diskriminasi ancaman (intimidasi).

Sadaya punika temtu kemawon mbetahaken pemanggih ingkang lantip (cerdas), inggih punika ngudi kasaenan nanging boten ngurbanaken punapa kemawon utawi sinten kemawon. Tansah ngudi pemanggih cerdas supados saged ngyakinaken sinten kemawon bilih nindakaken kasaenan punika dados kabetahaning tiyang gesang.

Gusti Allah maringi kasagedan ngudi kasaenan supados tansah madosi cara sae medal saking ruwet renteng, pramila kasagedan kedah tansah dipun agem, contonipun raos paseduluran. Nyatanipun Gusti ngagem pangraos punika ngreksa titahipun. Pramila saben tiyang kristen nggadahi kewajiban - malah dados kabetahanipun – mbangun raosing minangka sesami wontenpapan pundi kemawon.

Menawi kawontenanipun sampun dumugi kados punika, purun boten purun temtu badhe lumebet ing aspek politik ugi. Menawi kita padosi saking sejarahipun, politik punika satunggaling cara manungsa ngudi kasaenan lan rejaning gesang sesarengan. Awit saking punika politik ugi kedah dipun damel minangka pirantos ndhatengaken tenterem lan raharjaning gesang sesarengan/ masyarakat. Politik ugi pirantos ing astanipun Gusti Allah. Sinaosa makaten, kathah ugi ingkang sami matesi lan menggokaken dados tujuan lan namung sarana ndhatengaken kasaenan pribadi, agama, ras, golongan lan suku. Ing tembe wingkingipun, politik ical tegesipun minangka sarana lan pirantosipun Gusti Allah. Inggih dados inti utawi wigatos, saben tiyang pitados kedah migatosaken bilih Gusti Allah maringi kanugrahan ingkang wujudipun punapa kemawon, mesthi ngemu teges pirantos kangge ndhatengaken kasaenan, lan bangun paseduluran. Kalebet ing ngriki ugi ekonomi, kabudayan, pranatan hukum, sadaya punika nugraha lan pirantos pengreksa saking Gusti Allah ingkang ndhatengaken kasaenan.

Mugi bahan punika saged dipun ginakaken minangka cara supados kita mangertosi lan nyengkakaken manpangatipun tumrup bangsa lan masyarakat Indonesia. Amin.

3. Pandonga sokur lan syafaat

4. Pepujen saking KPK BMGJ 315:1-3

do=G 4 ketuk

G	C	D	G	Em	D	C	G
5	5	1	1	2	1	2	3
3	3	4	3				
1.	In - do - ne - sia	ne - ga - ri	a - di	kang ses - tu	ku -		
2.	In - do - ne - sia	ne - ga - ri	a - di	ge - mah	ri - pah		
3.	In - do - ne - sia	ne - ga - ri	mu - lyo	se - wu	pu - lo		
C	D	G	D	G			
4	2	2	1	3	2	3	4
5	5	5	2	1	2	3	3
	la tres - na - ni,	ta - nah wu - tah	rah nggih	ta - nah	pu - sa - ka		
	loh ji - na - wi,	werni werni	ke - wan	wah te - ta -	nem - an		
	be - ban - jar - an,	bangsa beda	su - ku	wah a - ga -	mi - nya,		
G	D	A	D	G	D	G	
6	1	7	2	1	7	6	5
3	2	1	5				
	pa - ring - ing	Al - lah	Sang Ra - ma,	wus mes - thi	tan -		
	u - lam	le - la -	ngen le - lum - ban,	ne - dya	ku - la		
	ras, sar - ta	go - long - an - i -	ra,	tan - sah	ku - la		
G	D	B7	Em	D7	G	C	D7
6	1	7	2	2	1	5	4
3	2	1	5	4	3	2	1
	sah ku - la	la - bu - hi	kla - yan	e - klas	trus - ing	a - ti.	
	ja - gi	mrih les - ta -	ri	wit ni - ku	pa - ring - ing	Gus - ti.	
	se - su - wun	mring	Gusti	mrih	bangsa	we - tah	les - ta - ri.

Pakempalaning Panyuraos Kitab Suci

“NGREMBAKAKAKEN GESANG PASEDULURAN”

[YUNUS 3:1-4:10]

1. Lumbet ing Pakempalan:

- Sidhem sakwatawis
- Pepujen saking KPK BMGJ 78:1
 - 1]. Dhuh Allah Ma kwasa, Gusti nimbali kula, dados rowang mitra, wah utusan Paduka, ngundhangken sih rahmat mring saguning umat, mrih kratoning Allah sadonya sumrambah.
- Donga Pambuka
- Pepujen saking KPK BMGJ 78:2
 - 2]. Mugi Sang Roh Suci nggih tansah mitulungi, mrih kula sembada leladi kanthi setya, lan tekading manah datan nate semplah, telatos, taberi wah ing pamrih sepi.

2. Panyuraos Kitab Suci

- Pandonga Nyuwun Tuntunaning Roh Suci
- Maos Kitab Suci Yunus 4:1-10

“Ngrembakakaken Gesang Paseduluran”

Isining waosan

Kasebat ingkang kagungan nama, Yunus. Yunus satunggaling piyantun Ibrani (Yunus 1:9), piyambakipun nggadhahi watak wedi asih dumateng Gusti Allah. Raosing wedi asih dipun tindakaken kanthi patrap, *satunggal*:

angsal dhawuh supados martosaken sabdanipun Gusti Allah ing negari Niniwe. Pangraosing wedi asih dumateng Gusti Allah boten dipun tingalaken kanthi pambangun turut, malah kosok wangsulipun nyingkur lan mlajar. Wedi asih sanes dipun tindakaken kanthi patrap setyo tuhu lan gumolong ing manah, malah mlajar pados papan kangge ndhelik.

Kaping kalih, raosing ajrih dipun kantheni patrap nekad nuwun dipejahi inggih punika dibucal dhateng ing seganten ngamuk (Yunus 1:12). Kanthi tumindak kados punika Yunus ngampil astanipun tiyang sanes supados pinanggih pejah. Pemanggih lan patraping Yunus punika temtu boten dados karsanipun Gusti Allah. Gusti ngutus ulam ageng supados ngukum piyambakipun. Ing padaranipun ulam punika Yunus getun lan nelangsani tumindakipun, lajeng ngunjukaken pndonga supados dipun dalaken saking padaranipun ulam. Gusti Allah miyarsa ingkang dados pandonganipun Yunus. Yunus mratobat lan purun ngestokaken dhawuhipun Gusti Allah (Yunus 2:10).

Sinoasa Yunus nate nilar Gusti lan mbalela nggega pikajengipun piyambak, Gusti Allah karsa ngutus Yunus kangge kaping kalihipun, mawi jejibahan ingkang sami, inggih punika nyaruwe Niniwe, supados sami mratobat. Sasampunipun Yunus ngestokaken dhawuhipun Gusti Allah, piyambakipun lajeng lenggah nenggani wujudipun dhawuhipun Gusti menggah Niniwe. Yunus cuwa lan nepsu awit Gusti Allah miyarsakaken pamratobatipun Niniwe. Gusti Allah boten estu ngukum dhateng Niniwe awit pamratobatipun. Ing salebeting manah benter lan nepsu punika Yunus ngunjukaken pandonga. Isining pandonga ngleresaken pemanggihipun. Punapa pemanggihipun Yunus? Pemanggih ngleresaken kalepatanipun nalika kautus kaping sapisanipun. Yunus mlajar lan selak saking jejibahan pangutusan awit rumaos sampun ngertos bilih Gusti temtu badhe ngaksama Niniwe. Awit saking nepsu lan bentr manahipun Yunus lajeng nyuwun supados Gusti

Allah enggal nimbali wangsul utawi nyuwun pejah. Kenging punapa kok aged kados punika? Awit Yunus rumaos lingsem, sadaya ingkang dipun wartosaken ing Niniwe boten kasembadan awit pamratobating Niniwe, saha Gusti langkung tresna dumateng tiyang ingkang mratobat lan nyingkur dosanipun.

Dumteng yunus ingkang kados punika, Gusti Allah paring dhawuh: "*Enggonmu nepsu kuwi apa maton?*" pandangu punikaugi koreksi tumrap Yunus. Watak nepsunipun Yunus lan patrap kados lare alit nedahaken bilih Yunus taksih ngleresaken dirinipun ing ngarsanipun Gusti Allah. Ewa semanten Gusti ugi tresna dumateng Yunus lan maringi panglipur awujud tetuwuhan wit ingkang ndadosaken sirahipun Yunus idhum. Nanging sejatinipun Gusti badhe maringi panggulawanthah tumrap Yunus bilih wit punika thukul lan tuwuh karana panguwaos lan karsanipun Gusti, lan wit punika kagunganipun Gusti Allah, mila Yunus dipun wucal nalika Gusti mundhut malih wit punika. Piwucalipun supados Yunus sampun ngantos nggadhahi pemanggih bilih piyambakipun gadhah hak tumrap wit kagunganipun Gusti Allah. Menawi wit kemawon dipun eman lan dipun pundhut dening Gusti Allah, langkung malih Niniwe ingkang isinipun kathah tiyang mratobat.

Piwucal Saking Teks Waosan

Saking bab Niniwe, Gusti Allah mucal lan ndhidhik supados Yunus sinau nggadhahi patrap ngajeni karsanipun Gusti Allah. Gusti Allah mahakuawaos nitahaken manungsa sampun ngantos titah punika sami rusak, nanging kawilujengaken. Gusti nresnani titahipun sinaosa titah nglampahi dosa lan nampik Gusti. Piwucal ingkang wigatos ingkang saged kapethik saking waosan punika: ngajeni karsa lan pakaryanipun Gusti Allah. Gusti Allah boten namung nitahaken bangsa Ibrani kemawon, nanging sadaya umat manungsa. watak ingkang kedah kawangun inggih punika toleran dumateng bangsa Niniwe, awit bangsa

Niniwe ugi dipun tresnani dening Gusti Allah. Ngajeni bab pamratobating Niniwe sinaosa sanes tunggal bangsa, ugi benten agaminipun. Kadosipun perkawis punika ingkang dipun wucalaken dening Gusti kanthi mbatalaken paukuman dumateng Niniwe.

Gusti Allah sawek mucal Yunus supados nggadahi semangat kritis dumateng tumindak ing agaminipun piyambak. Ngakeni ibrani lan arih dumateng Gusti Allah nanging ingkang dipun tindakaken malajar saking dhawhipun Gusti, malah ngudi kados pundi saged pejah. Kritis bab nindakaken agaminipun punapa sampun mujudaken mbangun turut karsanipun Gusti Allah. Yunus ingkang rumaos semplah kanthi gesang agami lan tedhak turun Ibrani pun dados tuladha ingkang nebih saking karsanipun Gusti.

Tiyang Niniwe sinaosa tebih saking Gusti lan remen nindakaken dosa, nalika angsal panyarue lajeng mratobat malah dados tuladha sae. Mesthipun Yunus mendhet piwucal sae saking bab Niniwe punika, saha putuanipun Gusti Allah mbatalaken paukuman turap Niniwe. Piwucal saking Gusti, Gusti Allah nampeni lan ngaosi pamratobating Niniwe. Gusti Allah ugi nampeni pamratobat lan enggaling manahipun manungsa sakcara umumipun.

Sadaya ingkang kita pethik saking kitab Yunus dados perkawis wigatos minangka landhesaning pambangun turut mangun watak lan gesang nyata paseduluran ing n=bumi Negara Kesatuan Republik Indonesia (NKRI), ingkang gadhah Bhineka Tunggal Ika. Sanes bab kebetulan menawi Gusti Allah cawe-cawe nalika mangun bangsa ageng kados dene Indonesia punika. Gusti Allah nitahaken supados bangsa Indonesia kabentuk dados bangsa ageng ingkang asalipun saking maneka warni suku bangsa, basa, adat istiadat. Sadaya punika minangka kanugrahan adi peparingipun Gusti Allah.

Pramila dados kuwajiban tumrap kita sami njagi lan ngreksa kanugrahan punika kanthi wetah. Sarana lelampahanipun Yunus lan Niniwe, kita sadaya angsal bandha karohanen ingkang saestu ageng. Bandha karohanen punika awujud watak lan patrap: ngormati sesami, toleran, kritis lan tanggap, tansah ngudi kasaenan, nabi sesami punapa wontenipun. Sadaya punika saged kita dadosaken modal ageng supados ngrembakakaken tetangsulaning paseduluran.

- Pirembag bab ngrembakakaken paseduluran
 - Fungsi lan patrap kados punapa ingkang saged kita tindakaken ing satengahing masyarakat sasampunipun maos kitab Yunus?
 - Kados pundi anggen kita ngatasi watak kamanungsan ingkang ngadhepi godha sasampunipun maos kitab Yunus?
 - Punapa kita ugi pinaringan kasagedan sinau bab katresnanipun Gusti Allah tumrap Niniwe, lan ngestokakekn ing gesang padintenan?

3. Pandonga Sokur lan Syafaat

4. Pepujen saking KPK BMGJ 94:1,2

- 1]. Dhuh Gusti nggih binabarna Kratoning Allah ing jagad pra umat samya raharja krana rinoban sihrahmat
- 2]. Bebener wah kaadilan kajujuran lan katresnan binabar nyata ing donya wit pangreh kwasaning Allah.

Pakempalaning Pandonga

“NGREKSA GESANGING PASEDULURAN” (TITUS 2:1 1-15)

1. Lumbet ing Pakmplaning Pandonga:

- Sidhem sawatawis
- Pepujen saking KPK BMGJ 121:1,2
 - 1]. Gusti Yesus Pangen kula, sestu gung sih Paduka
Ing sapurug-purug kula nggih tansah kinanthia

Refrein: Kinanthi Ing Gusti kinanthi ing Gusti
ing satitah kula nrimah angger kinanthi Gusti.
 - 2]. Bandha wah salir kadonyan mung sarananing gesang
kula ngegungken ngandelna Gusti wah panganthinya

Refrein: Kinanthi Ing Gusti kinanthi ing Gusti
ing satitah kula nrimah angger kinanthi Gusti.
- Donga Pambuka
- Pepujen saking KPK BMGJ 120:1,2
 - 1]. Dhuh Gusti mug ngirid lampah kula
ndherekaken Paduka salamanya
kawula datan saged milih margi
mugi sapurug kula Gusti nganthi.
 - 2]. Paduka ngayomana ing tyas kula
supados arerema satitahnya
kula tansah sumendhe ing karsanta
wit Paduka Panebus Gusti kula.

2. Panyuraosing Kitab Suci

- Pandonga Nyuwun Tuntunaning Kitab Suci
- Maos Titus 2:11-15
- Andharaning Kitab Suci

“Ngreksa Gesanging Paseduluran”

Ing saktengahing pakempalaning tiyang Indonesia, wonten tembung: “Bersatu kita teguh, bercerai kita runtuh”. Tegesipun, gegayuhan saged maujud nyata menawi wonten manunggaling patunggalan. Patunggilan ingkang dipun jagi awujud gotong royong. Salah satunggaling njagi patrap manunggal lan patunggilan inggih punika tansah nggadahi tunggal manah, mbangun paseduluran kados dene sadherek tunggal bapa biyung. Tunggal bapa byung ingkang tansah ngudi margi sae lan cara supados tansah saged gesang sesarengan. Kados-kados bab punika wigatosing tembung utawi pitutur ing nginggil. Dhemi nggayuh pangajab sesarengan mirungganipun ing bangsa Indonesia, wujuding paseduluran dados kabetahan utami.

Kejawi potensi kasaenan ingkang saestu kathah ing gesang manunggal, sampun ngantos supe bilih ugi wonten potensi awon ing gesang sesarengan. Semangat patunggilan lan paseduluran kanthi sadaya potensinipun wigatos dipun cakaken kanthi wicaksana, supados saged kaginakaken dados pirantos nyengkakaken rejaning tiyang kathah.

Gereja lan tiyang pitados ugi sanget anggenipun nggadahi jejibahan mangun patunggilaning gesang paseduluran. Inggih dados sumberipun inggih punika kita suci. Salah satunggiling sumber punika kita pethik saking waosan Titus 2:11-15.

Isining perangan punika nggambaraken kawigatosan: 1. Minangka pribadi ingkang sampun kawilujengaken dening Gusti Allah kedah

nggahdhahi kesadaran bilih kawilujengan ugi dipun paringaken dening Gusti Allah tumrap sadaya tiyang. 2. Reroncening pakaryan dipun tindakaken dening Gusti Allah sarana ngagem proses mangun wawasan lan mangun tata cara gesang etis. 3. Patraping gesang etis dipun wujudaken kanthi nyingkur saking pandamel mundafik lan hawa milik kadonyan – umumipun ngrisak lan mbubrah akhlak lan mental. 4. Pemanggih lan watak margining gesang kanthi adil kaliyan ngibadah sacara agami dados satunggal tan saged pinisah.

Sekawan piwucal ing nginggil menawi dipun tindakaken kanthi setya lan kekah temtu badhe ndhatengaken wohing pribadi-pribadi tanggon. Tegesipun tanggon saged nampeni lan mangertosi sesami minangka kanca gesang ing pakaryanipun Gusti Allah. Kanca gesang panyambut damel ingkang ugi dipun wilujengaken dening Gusti Allah. Kanthi makaten, waosan kita punika nengenaken bab paseduluran ing bot repoting gesang, paseduluran minangka sesami titahipun Gusti lan mikul tanggél jawab paringipun Gusti Allah.

Kanthi olah pemanggih lan gesang saknyatanipun kados ingkang punika, para tiyang kristen dipun sagedaken mangun paseduluran lan dados sekabat yekti. Punapa malih ing masyarakat Indonesia, tiyang kristen boten dipun cap minangka tiyang ingkang eksklusif (sami kaliyan tertutup), nanging minangka tiyang nirbuka pemanggih lan manahipun (inklusif).

Kanthi njagi lan ngreksa gesang paseduluran ing bumi Indonesia kita sami ndadosaken cara gesang kados punika minangka modal dasar mangun manugsa Indonesia ingkang gadhah martabat manungsa titahipun Gusti Allah. Gereja lan para tiyang kristen boten kenging namun dados pamriksa utawi ethok-ethok ora weruh kemawon. Kedah wonten pambudi daya suka bingah lan semangat kesatuan ingkang tansah dipun gesangaken. Mugi Gusti Allah ing pakaryaning Sang Kristus tansah berkahi bangsa Indonesia. Amin

3. Donga Sokur lan Syafaat

4. Pepujen saking KPK BMGJ 149:1,2

- 1]. Gusti nuntun lampah kula saklangkung nggen kula begja celak miwah tebih ugi tansah dipun kanthi Gusti

Refrein:

nggih Gusti kang nganthi kula astanya pyambak kang ngreksa mila kula manut Gusti kang dados Panebus yekti.

- 2]. Dadosa ing wanci siyang, punapa kesaput ratri, manah peteng miwah padhang, kula tansah dipun kanthi,

Refrein:

nggih Gusti kang nganthi kula astanya pyambak kang ngreksa mila kula manut Gusti kang dados Panebus yekti.